# Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№113 (24.551) ● 2023 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 20, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru


Адыгэ макъ | **Лъэпкъ газетхэм я къыдэкIыгъуэ зэхэт** | Черкес хэку

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм и щIыхькIэ цIыхухэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэмкIэ сынывохъуэхъу!

А махуэшхуэм Iэмал къыдет адыгэхэм лIэщIыгъуэ куэд хъу я щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэм я лъапIагъыр, зэкъуэтыныгъэр адыгэ псоми иджыри зэ ди гум нэсыну, гуфIэгъуэ, гупсэхугъуэ зыхэтщIэну.

Республикэм ис псори а махуэм дызэкъуегъэувэ, лъэпкъ лъапIэныгъэхэм пщIэ яхуэтщIу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэхэр зэрызэпыщIар, цIыхубэр зэрызэкъуэтыр нэрылъагъу ещI.

Нобэ дэ дигу къыдогъэкIыж адыгэ лъэпкъым щыщ цIыху щыпкъэхэм я хахуагъэм, лэжьыгъэм, хэкур хъумэным къыщагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэхэм я щапхъэхэр, лъэпкъым и нобэрей гъащIэмрэ и къэкIуэнумкIэ жэуап зэрытхьыр зыхыдощIэ.

Адыгэхэм я тхыдэр лIэщIыгъуэ куэд хъуауэ къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ Урысейм и блэкIам. Дяпэ ита нэхъыжьыфIхэм лъэпкъым дежкIэ лъэбакъуэ махуэ хъуа унафэ къащтауэ щытащ, абы и фIыгъэкIэ дэ Iэмал дгъуэтащ ди Хэку дахэм и адрей лъэпкъхэм дахэту, зы унагъуэм хуэдэу сыт и лъэныкъуэкIи зыдужьыну, ди лъэпкъыр адрейхэм къазэрыхэщхьэхукI нэщэнэхэр, ди бзэр, щэнхабзэр, къыддекIуэкI псэкупсэ лъапIэныгъэхэр тхъумэну.

Тхыдэм хэтщ адыгэхэр ди зэхуэдэ Хэкум къэмылэнджэжу, хуэпэжу къулыкъу зэрыхуащIам и щапхъэ куэд дыдэ. Ноби дэ дрогушхуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къуэ щыпкъэхэу дзэ къулыкъур хахуэу, лIыхъужьыгъэ къагъэлъагъуэу езыхьэкIхэм, Хэкум и сэбэп зыхэлъхэр зыхъумэхэм.

Шэч къытесхьэркъым Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр гъэлъэпIэныр уасэ зимыIэ ди тхыдэр хъумэным, абы епхахэр гъэбэгъуэным, жылагъуэр нэхъри зэкъуэгъэувэным, дыщалъхуа ди Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъ псоми я зэкъуэтыныгъэр, зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным зэрыхуэщхьэпэнум.

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу узыншагъэ, гуфIэгъуэ, зэIузэпэщыгъэ фиIэну.

## Нобэ Адыгэхэм я махуэщ



# Мамырыгъэм, гуапагъэм зэрителъхьэр къагъэлъагъуэ

Пщ|э зыхуэсщI си лъэпкъэгъу лъапIэхэ!

ФокIадэм и 20-м Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэщ! Мы махуэшхуэр дуней псом адыгэу тетым, ди лъэпкъым и ныбжьэгъуфIхэм илъэс епщIанэ хъуауэ зэдыдогъэлъапIэ. Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Мы гуфIэгъуэр и дамыгъэщ лъэпкъым и щхьэ кърикIуа лъэпощхьэпохэм имыгъэдзыхэу нобэм къызэрысам, бзэр, щэнхабзэр, тхыдэр зыхъумэфа ди лъэпкъым къикIуа тхыдэ гъуэгуанэм.

Нобэ адыгэхэр щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щопсэу икIи лъэпкъ хабзэхэр хуэсакъыу зэрахъумэр, мамырыгъэм, гуапагъэм, захуагъэм я телъхьэу зэрыщытыр дэни щагъэлъагъуэ. Адэ хэкужьым и тхыдэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ лъэпкъ куэд щыпсэу Урысей Федерацэм и гъащIэм.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэм я цIэкIэ, си щхьэкIэ гуапэу сынывохъуэхъу нобэ дгъэлъапIэ махуэшхуэмкIэ - Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэмкIэ! Си гуапэщ фIы куэд къытхудэкIуэну, зыдужьу, дызэкъуэту, ди Iуэхухэр ефIакIуэу, лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр нэхъри быдэ хъууэ дыпсэуну!

Узыншагъэ, мамырыгъэ, насып фиIэну сынывохъуэхъу!

**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий**.
*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*

● Лъэпкъ махуэшхуэ

# Ди хъугъуэфIыгъуэхэр утыку къэзыщI

Ди лъэпкъ уардэм игъэлъапIэ махуэшхуэхэм, тхыбзэм, ныпым, фащэм, нэгъуэщIхэми ятеухуахэм, иджыри зы къахэхъуауэ щытащ 2014 гъэм. Фэ зэрыфщIэжщи, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жэрдэмкIэ къыхалъхьа Iуэхур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и УнафэщIхэм даIыгъри, иджыри зы гуфIэгъуэ махуэ къэунэхуащ, фокIадэм и 20-м ягъэлъапIэу. Къапщтэмэ, дэтхэнэ лъэпкъми езым и махуэшхуэ иIэжщ, лIэщIыгъуэкIэрэ къыдэгъуэгурыкIуэу. Сыт хуэдизу дунейм зимыхъуэжми, лъэпкъым хэхъуэми, хэщIми, а махуэшхуэр яIэт цIыхум и пщIэр къыщыгурыIуэжрэ къызыхэкIам и пащхьэм щихь жэуапыр иджыри зэ щызыхищIэжу. Ар лъэпкъым и тхыдэр, щэнхабзэр, хабзэр къызэрыщ гъуджэу жыпIэ хъунущ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, уи лъэпкъым къыдекIуэкI хъугъуэфIыгъуэ псоми иджыри зэ гу лъыботэж, ар нэгъуэщIхэм зэребгъэлъагъун Iэмалхэр къызыкъубох, къыдэкIуэтей щIэблэр хыбогъаплъэ. А махуэм къызэрагъэпэщ дауэдапщэхэр цIыхухэм я дежкIэ сэбэпщ къызыхэкIам и блэкIам ириплъэнымкIэ, нобэ къыздэса зыужьыныгъэр зыхищIэнымкIэ, пщэдей къыпэщылъ гъащIэр нэхъыфI зэрищIыным егупсысынымкIэ.

КIэщIу жыпIэмэ, лъэпкъ махуэшхуэм лъэпкъым и псэкупсэ къулеягъэм хегъахъуэ, нэхъыбэжым трегъэгушхуэ, и Iулыджыр еIэт. Ар щIэин нэхъ лъапIэу лIакъуэхэм зэIэпаххэм ящыщ зы мэхъу, блэкIамрэ къэкIуэнумрэ зэпищIэу. Мыр зи махуэшхуэ лъэпкъым и закъуэкъым зи сэбэпыр, атIэ зы щIыналъэ зэдисхэм я зэпыщIэныгъэр, зэгурыIуэныгъэр, мамырыгъэр, зэныбжьэгъугъэр зыгъэбыдэ Iэмал гъуэзэджэщ. Адыгэм къыдекIуэкI хабзэ дахэхэмрэ щэнхабзэ куумрэ а махуэм ялъагъу икIи къыдаIэт адрей лъэпкъхэми.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, адыгэу дунейм тетыр зэкъуегъэувэ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. А махуэр Iуэху хэха гуэркIэ щагъэпс Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгейми, шапсыгъхэр зэрыс Краснодар крайми, мэздэгу адыгэхэр щыпсэу Осетие Ищхъэрэ-Алание, Ставрополь щIыналъэхэми. Апхуэдэуи ущымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым Тыркум, Сирием, Иорданием, Израилым, Германием, нэгъуэщI къэралхэми къикIыу къытIэрыхьэ хъуэхъу псалъэхэмрэ махуэр зэрагъэкIуам теухуа теплъэгъуэхэмрэ. Абхъаз Республикэм ис адыгэ мащIэм абхъазхэмрэ абазэхэмрэ къакъуэту ирагъэкIуэкIащ ди махуэшхуэр илъэс блэкIахэм. Апхуэдэ зэкъуэтыныгъэмрэ зэрыщIэныгъэмрэ гур хагъахъуэ, псэр ягъэгуфIэ.

КъыжыIапхъэщ хамэ къэралхэм ипхъа адыгэхэм я дежкIэ тIуащIэу зэрымахуэшхуэр. Абыхэм яхэлъ хабзэр махуэ къэс ягъэлъагъуэми, а хабзэм къежьапIэ хуэхъур, адэжь хэку зэраIэр, хэкум исхэм зэрапыщIар, я щIыбагъ къызэрыдэтыр, лъэпкъ щхьэхуэ къыхэкIауэ гушхуэу дунейм зэрытетыр а зыхэсхэм ирагъэлъагъун папщIэ фокIадэм и 20-р сэбэпщ.

Хэкум ис дэ, хэгъэгу зэпэщхьэхуэу дызэпычами, зэгъусэу зэдыдогъэлъапIэ ди махуэр. Адыгэ газетхэми ди Iыхьэ зэрыхэтлъхьэным иужь диту а махуэм теухуауэ «Адыгэ псалъэ» (КъБР), «Черкес хэку» (КъШР), «Адыгэ макъ» (АР) газетхэм зэгъусэу номер зэгуэт догъэхьэзыр. Абы къыхохьэ Тыркум къыщыдэкI «Жьынэпс» газетри.

Нобэ къыфIэрыхьа газетым ихуащ адыгэ лъэпкъым и цIэр жыжьэ зыгъэIуа, и хабзэм, щэнхабзэм, бзэм, тхыдэм, литературэм, псэукIэм зезыгъэужьа лъэпкъылI щэджащэхэм, бзылъхугъэ Iумахуэхэм, Iуэхугъуэ дахэхэм, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ятеухуа тхыгъэхэр.

Дэ, журналистхэр, сыт щыгъуи ди гуапэу дататхыхь ди хэкум и зыужьыныгъэм хэлIыфIыхьахэм, абыхэм я IэдакъэщIэкIхэм, нобэрей псэукIэр ирагъэфIакIуэу къулыкъу пэрытхэм, ди блэкIар тхуахъумэрэ ди нобэр гурыфIыгъуэхэмкIэ ягъэнщIу къытхэт цIыху пашэхэм. Си гугъэщ адыгэ махуэшхуэм теухуауэ къыдэдгъэкIа нобэрей номерыр абыхэм щIэщыгъуэ ящIауэ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI.*

# Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XIV зимычэзу Зэхуэсышхуэм къыщащта РЕЗОЛЮЦЭ

2023 гъэм фокIадэм и 19-м Налшык къалэм щекIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XIV зимычэзу Зэхуэсышхуэр. Абы хэтащ Урысей Федерацэм и щIыналъи 6-м - Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Краснодар, Ставрополь крайхэм - Тыркум, Иорданием, Сирием, Израилым, Германием, Абхъазым къикIахэр, федеральнэ, щIыналъэ къулыкъущIэхэр.

Конгрессым хэтахэм къыхагъэщащ ДАХ-р къызэрызэрагъэпэщрэ блэкIа илъэс 30-м дуней псом щикъухьа адыгэхэр зэщIигъэуIуэн, зэкъуигъэувэн зэрыхузэфIэкIар, ар лъэпкъ зэгухьэныгъэ ину, Iулыджрэ пщIэрэ иIэу къызэрыгъуэгурыкIуэр.

ДАХ-м хэтхэм я лэжьыгъэр урысей законхэм, щыпсэу къэралхэм я хабзэхэм я жыпхъэм изагъэу ирагъэкIуэкI.

Сытым дежи Урысей Федерацэм и УнафэщIхэм я Iуэху еплъыкIэр даIыгъыу дунейпсо утыкум итщ, лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэр, хабзэр, щэнхабзэр хъумэнымкIэ, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэхуаку зэгурыIуэныгъэрэ зэныбжьэгъугъэрэ дэлъыным хуэунэтIауэ зэфIигъэкIхэмкIэ къэралым акъылэгъу дэхъуу къогъуэгурыкIуэ.

Апхуэдэуи ДАХ-р и телъхьэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым щылажьэ къэрал къулыкъущIапIэхэр хэхэс адыгэхэм лъэпкъыу захъумэжын папщIэ зэрадэIэпыкъум. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и къалэн нэхъыщхьэр хамэ къэралхэм щикъухьа адыгэхэр я адэжь хэку къешэлIэжынырщ. Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыху мини 3 щопсэу я хэкум къагъэзэжауэ, Адыгейм - мин 1,5-рэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XIV зимычэзу зэхуэсым хэт дэ къыхыдогъэщ:

- хамэ къэралхэм щипхъа адыгэхэмрэ адэжь щIыналъэмрэ ДАХ-р лъэмыж лъэщ зэрахуэхъур;
- адыгэхэр зы хъужыным, дэнэ щыпсэу адыгэри Кавказ Ищхъэрэм къепха хъуным дызэрыхущIэкъур, хэкум щекIуэкI IуэхухэмкIэ къыткъуэувэну къызэрыхуедджэр;
- КАФФЕД-м и иджырей унафэщIхэм я Iуэху зехьэкIэр, ДАХ-м хэкIыжыну нэрыгъ ящIауэ зэрыныкъуакъуэр зэрадэдмыIыгъыр;
- апхуэдэ зэпэщIэувэныгъэ гуэрхэр къыщыхъуам деж адыгэ лъэпкъым ифI зыхэлъ Iуэху къызыпэкIуэну лъэныкъуэр къыхэхын зэрыхуейр;
- илъэс куэд щIауэ зэрыIыгъ лъэпкъым щхьэзакъуэ еплъыкIэхэр зэран къыхуэхъу зэрымыхъунур;
- Кавказ Хасэхэм я федерацэр ДАХ-м хэтын хуейуэ къызэрытлъытэр.

Дэ ди къалэн нэхъыщхьэщ:

- хэхэс адыгэхэмрэ хэкужьымрэ я зэпыщIэныгъэр нэхъри гъэбыдэныр;
- Урысей Федерацэм и унафэщIхэм лъэпкъ зэгурыIуэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ щыгъэIэным, зэпэщIэувэныгъэ къэмыгъэхъуным теухуауэ ирагъэкIуэкI Iуэхухэр дэтIыгъыну;
- адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я къару псори адыгэбзэр, щэнхабзэр, хабзэр хъума хъуным иредгъэхьэлIэну;
- адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэ къулеигъэхэмрэ псэкупсэ щIэинхэмрэ хъумэным, лъэпкъыр лъэпкъыу къызэтенэнымкIэ сэбэп хъуным, тхыдэм и пэжыр зэтегъэувэжыным хущIэкъуу ДАХ-м хэт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэдэлэжьэныгъэр нэхъри егъэфIэкIуэным дытелэжьэну;
- хамэ къэралхэм щыщ ди лъэпкъэгъуу Урысей Федерацэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щеджэну хуейхэм адэкIи дадэIэпыкъуну;
- ди къуэшхэр адэжь хэкум къэкIуэжыным ехьэлIауэ щыIэ гугъуехьхэр урысей хабзэхэм къызэрагъэувым тету зэфIэтхыну;
- ДАХ-м хэт къудамэхэм псэукIэ, экономикэ я лъэныкъуэкIэ яIэ гугъуехьхэмкIэ дадэIэпыкъуну;
- хасэ къудамэхэр адыгэхэр нэхъыбэу щыпсэу къэралхэмрэ щIыналъэхэмрэ щылажьэ къулыкъущIапIэхэм нэхъ жыджэру япыщIауэ щытыну, мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ щыIэн папщIэ.

Къэрал, хэгъэгу зэмылIэужьыгъуэхэм дыщыпсэуми, зэманым къытхуигъэув гугъуехьхэм зэи зэпэIэщIэ дащIыфынукъым. Дунейм адыгэу тетыр къыхудоджэ Iуэху мыщхьэпэкIэ зыми зыкъедмыгъэгъэсэбэпыну.

Зэкъуэтыныгъэрщ, зэрыIыгъыныгъэрщ, зэдэлэжьэныгъэрщ адыгэхэм я къэкIуэнур дахэ зыщIынур.

***Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XIV зимычэзу Зэхуэсышхуэм хэтахэм къызэдащтащ. ФокIадэм и 19, 2023 гъэ, Налшык къалэ.***

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ




# ЗэгурыIуэныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ я лъабжьэр быдэщ

**ФокIадэм и 19-м Налшык къалэм щекIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XIV зимычэзу Зэхуэсышхуэ**.

АДЫГЭХЭМ (шэрджэсхэм) я махуэм ирихьэлIэу къызэрагъэпэща Конгрессым хэтыну къекIуэлIат Тыркум, Сирием, Иорданием, Европэ къэралхэм, КъБР-м, АР-м, КъШР-м, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Ставрополь, Краснодар щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ.

Зэхуэсышхуэр къызэIуихащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**.

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** зэIущIэм къыщеджащ **КIуэкIуэ Казбек** ДАХ-м и XIV зимычэзу Зэхуэсышхуэм хэтхэм зэрызахуигъазэм.

Адыгэхэм я Iуэху дэзыгъэкI дунейпсо зэгухьэныгъэм лъэпкъ щIэиныр, хабзэр, щэнхабзэр, анэдэлъхубзэр хъумэным, абы зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIыр, хэхэс адыгэхэм я хэкум къыхуаIэ пыщIэныгъэр кIуэ пэтми зэрырагъэфIакIуэр къыщыхэгъэщат а тхыгъэм.

Адыгэхэр куэду щыпсэу хамэ къэралхэм ядэлэжьэным Хасэм и гуащIэшхуэ зэрыхилъхьар щхьэхуэу къыхигъэщырт КъБР-м и Iэтащхьэм. Апхуэдэу абы и гугъу ищIащ, ДАХ-м зэфIигъэкI Iуэху инхэм, щхьэпэхэм я фIыгъэкIэ, ди къэралым и мызакъуэу, хамэ щIыпIэхэми пщIэ, щIыхь ин къызэрыщилэжьам.

УФ-м и Президентым и Администрацэм Лъэпкъ IуэхухэмкIэ и департаментым и унафэщI **Вагинэ Татьянэ** къыщыпсалъэм жиIащ лъэпкъыбзэхэмрэ лъэпкъ хабзэхэмрэ хъумэнымкIэ езыр зи унафэщI IуэхущIапIэм илэжь Iуэхухэм ДАХ-р жыджэру зэрыхэтыр.

- УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ IуэхухэмкIэ щыIэ советым хэтхэм я зэIущIэу Налшык щекIуэкIам Сэхъурокъуэ Хьэутий анэдэлъхубзэкIэ учебникхэр къыдэгъэкIын и лъэныкъуэкIэ щыIэ лъэпощхьэпохэм зэрагъэгузавэр къыщыхигъэщауэ щытат. Мы зэманым ирихьэлIэу а Iуэхур хъарзынэу зэфIэтхауэ лъэпкъыбзэхэмкIэ тхылъ 361-рэ федеральнэ мыхьэнэ яIэу къыдокI, - жиIащ Вагинэм.

Вагинэр тепсэлъыхьащ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ядэлэжьэнымкIэ ДАХ-м зэфIигъэкI Iуэхухэм икIи Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэтхэм фIыщIэ яхуищIащ УФ-м и Президентым и унафэр зэрыдаIыгъым, ар гъэзэщIэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу зэрыхъум папщIэ.

- Дызэкъуаудын мурад яIэу, дяку къыдыхьахэр щыуащ, ди къэралым ис лъэпкъхэм яку дэлъ зэгурыIуэныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ я лъабжьэр быдэщ, - жиIащ абы.

Вагинэ Татьянэ и псалъэхэм я кIэухыу къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэмкIэ.

Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ тхакIуэ, ДАХ-м и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ **МэшбащIэ Исхьэкъ** къызэхуэсахэм псалъэ нахуэкIэ захуигъэзащ.

Сэхъурокъуэ Хьэутий кIэщIу тепсэлъыхьащ 2021 - 2023 гъэхэм ДАХ-м зэфIигъэкIа Iуэхухэм, къапэщыт къалэнхэм.

ЗэIущIэшхуэм щытепсэлъыхьащ лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм.

Ар зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм фыкъыщеджэ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ**.
*Сурэтыр*
**Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Адыгэм и дунейр - Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм

**Адыгэхэр щыпсэу къэралхэм ящыщщ Хьэрып Эмират Зэгуэтхэр. Псори зэхэту ди лъэпкъэгъу унагъуэ минрэ ныкъуэрэ, цIыху миниплI хуэдиз, щопсэу а къэралым.**

**Ахэр Сирием, Иорданием, Тыркум иIэпхъукIахэщ, Эмираатхэм щеджэн, щылэжьэн папщIэ. Языныкъуэхэр илъэс 25-рэ, адрейхэр илъэси 10 хъуауэ щопсэу. Илъэс зытIущ ипэкIэ къэIэпхъуахэри яхэтщ. Адыгэхэр нэхъыбэу зыдэсыр Дубай, Шарджэ, Абу-Даби къалэхэрщ. Ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэхэм Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм «Сэтэней» зэгухьэныгъэр щызэхашащ, зэфIэмыкIуэдын папщIэ. Абыхэм ирагъэблагъэри, адыгэхэр а къэралым зэрыщыпсэум зыщигъэгъуэзащ Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист ТIэш Светланэ. Абы триха фильмым къыщаIуэтахэр къэбэрдеибзэкIэ тыдодзэ нобэрей къыдэкIыгъуэм.**



● Лъэпкъ Iуэху



«СЭТЭНЕЙ» зэгухьэныгъэм и щапхъэкIэ къэбгъэлъагъуэ хъунущ нобэ Эмиратхэм щыпсэу адыгэхэм я щыIэкIэ-псэукIэр. Ар къызэзыгъэпэщахэм ящыщщ икIи и гуащэщ ЛIыбзу Ярэ. Ар илъэс 26-рэ хъуауэ Эмиратхэм щопсэу. Абы зэрыжиIэмкIэ, бзылъхугъэращ зэлъытар анэдэлъхубзэр хъумэныр, сабийр гъэсэныр. Хэхэс адыгэхэм захъумэжыным цIыхубзхэр нэхъ егугъун хуейщ. Апхуэдэ гупсысэхэм къыхихри, Ярэ зэхишащ мы гупыр. «Сэтэнейхэр» цIыху 50 хуэдиз мэхъу, я нэхъ жанхэр Хасащхьэм хэтщ. Ахэр: Шэджей Азизэ, Дыгъужь Назирэ, ЛIыбзу Зое, Гъыш УафаI, Дыгъужь Омайе, Мэкъуауэ Жансэт, Абыдэ Басмэ, Бэлагъы Эсма, Цей Ланэ, Мырзэ Надин, Дыгъужь СуIэд, Хьэткъуэ Данэ, Ныбэ Наритэ.

**ЛIыбзу Ярэ**: Ди адэжьхэр Кавказым къыщалъхуащ, дэ Сирием дыкъыщыхъуащ, иджы ди бынхэр Эмиратхэм щыдопI. Куэдрэ дыIэпхъуэшэпхъуащ, ауэ дызэрыадыгэр зэи тщыгъупщакъым. Ди сабийхэми ар ядогъащIэ, адыгэбзэр яIурылъу, адыгэ хабзэ яхэлъу къэхъуну дыхуейщ. «Сэтэней» гупыр аращ щIызэхэтшар. Мазэ къэс дызэхуозэри, дигу щIэныкъуэхэм дытопсэлъыхь, адыгэу хамэ хэку дыкъызэрыщызэтенэным и Iуэху зыдохуэ.

**Шэджей Азизэ**: Сирием сыкъыщыхъуащ сэри, Джолан Iуащхьэм тета адыгэ жылэхэм ящыщ Джыуейэ сыдэсащ. А щIыпIэр журтхэм щаубыдым, Дамаск дыIэпхъуащ. Си пщащэхэр щеджэну, щылэжьэну мы къэралым къэзгъэкIуати, Сирием Iуэхур щыщызэIыхьэм, сэри сакъыкIэлъыкIуащ.

**Дыгъужь Назирэ**: Сэ си щхьэгъусэр Сирием и къэрал дзэ къулыкъум хэтащ. Дамаск сыткIи ди Iуэху хуэкIуэу дыщыпсэуащ. ЩIалиплI диIэти, псори Урысейм щедгъэджащ, щыр дзэ дохутырщ, зыр инженерщ. Сирием зэпэщIэувэныгъэхэр къыщыхъейри, дыкъикIын хуей хъуащ. Си щхьэгъусэр псэужкъым, сэ си щIалэхэм сабгъэдэсщ.

**Мэкъуауэ Жансэт**: Илъэсий хъуауэ Дубай сыщопсэу. Хомс къалэм дыдэсащ, зауэр къыщыхъейм, мыбы дыкъэIэпхъуащ. Си IэщIагъэкIэ сыархитекторщ, си щхьэгъусэр инженерщ, щIалэхэр еджапIэм щIэсщ.

**Гъыш УафаI**: Илъэс 26-рэ мэхъу дэ Дубай дыкъызэрыкIуэрэ. Си щхьэгъусэр лэжьыгъэ IуэхукIэ кърагъэблэгъати, дэри дыкъыздишащ. ЩIалэрэ пщащэрэ диIэщ. Ахэр иджыри цIыкIуу Черкесск илъэсиплIкIэ дыдэсати, урысыбзэр дэгъуэу зрагъэщIат, адыгэбзэкIи псалъэрт. БзитIри иджыри ящыгъупщакъым.

**ЛIыбзу Зое**: Сэ куэд щIащ Дубай сызэрыдэсрэ. Япэ сэ сыкъакIуэри, итIанэ си шыпхъу Ярэ къэсшащ. ТIуми лэжьыгъэ хъарзынэ къыщыдгъуэтащ. Ди дэлъху нэхъыжьри ди гъусащ, ауэ ар иджы Мейкъуапэ кIуэжауэ щопсэу.

Хэкум къэгъэзэжыныр я гум илъу апхуэдэщ «Сэтэней» гупым хэтхэм. Бзылъхугъэхэм ящыщ куэдым урысей паспортхэр къыдахауэ яIыгъщ, лэжьэн яухрэ загъэпсэхуну тIысыжмэ, Хэкум къэкIуэжыну я мураду.

- Дубай игъащIэ псокIэ дыдэсыну ди мурадкъым, - жеIэ ЛIыбзу Зое. - Мы къэралым ущыпсэуфынущ уеджэху е улэжьэху, ауэ пенсэ укIуэрэ визэ уимыIэмэ, щыпщIэн щыIэкъым. УикIыжын хуейуэ аращ. Ар дигу илъщи, урысей паспортхэри къыдэтхри, Мейкъуапи унэ къыщытщэхуащ.

ЛIыбзу Зоерэ Ярэрэ тIуми адыгэбзэр фIыуэ ящIэ. Анэдэлъхубзэ зэрылъ унагъуэщ ахэр щапIар. ХьэрыпыбзэкIэ псэлъэну я адэ-анэм къыхуадэу щытакъым, унэм къызэрыщIыхьэжу адыгэбзэм техьэжырт. ЛIыбзу зэшыпхъуитIми Сирием щызэрагъэгъуэта щIэныгъэр къахуэсэбэпыжащ. Зое паспорт-визэ къулыкъущIапIэм щолажьэ. Къэралым лэжьакIуэу къихьэу хъуам визэхэр, мазэ лэжьапщIэхэр, медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр хуагъэхьэзыр. Ярэ Шарджэ дэт университетым щолажьэ, Архитектурэмрэ дизайнымкIэ колледжым и унафэщIым и къуэдзэщ.

Ярэ зэрыжиIэмкIэ, Шарджэ дэт университетым нэгъуэщI адыгэхэри щолажьэ, адыгэ студентхэр щIэсщ. ЕгъэджакIуэхэри еджакIуэхэри зэхэту 10 мэхъу. МащIэми, я хабзэр, щэнхабзэр ягъэлъэгъуэну Iэмал яIэщ ди лъэпкъэгъухэм. Университетым лъэпкъ щэнхабзэм и фестивалу щекIуэкIхэм адыгэ студентхэми лъэпкъ фащэхэр ящыгъыу зыкъыщагъэлъагъуэ. Апхуэдэу 2019 гъэм екIуэкIа фестивалым АР-м и пшынауэ Iэзэ ЛIыбзу Аслъэнрэ «Синдика» къэфакIуэ гупымрэ хэтауэ щытащ.

Зэщхьэгъусэхэу **Щауэжь Нидалрэ Мырзэ Надинрэ** дохутырщ. Нидал гум йоIэзэ, Алеппэ дэт сымаджэщ иным и унафэщIу щытащ, хирург цIэрыIуэу Сирием исащ.

Зауэр къэхъейуэ Эмиратхэм къэIэпхъуа нэужь, Щауэжь зэщхьэгъусэхэм я лэжьыгъэр щIэрыщIэу зэтраублэжын хуей хъуащ. Нобэ Шарджэ дэт клиникэ иным тIури щолажьэ. Нидал кардиолог-терапевту мэлажьэ, Надин дзэ дохутырщ.

**Мырзэ Надин**: Сэ медицинэ IуэхущIапIищым сыщолажьэ. Махуэ тIурытIкIэ Дубай, Шарджэ, Абу-Даби сыщыIэщ. Лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, адыгэ тIэкIур дызэрылъагъуным зэман хухыдох. Пенсэм дыкIуэмэ, Мейкъуапэ е Налшык дыкIуэжу, жьыщхьэ махуэу абы дыщыпсэуну ди мурадщ, Тхьэм жиIэмэ.

Эмиратхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъу псоми я мурад нэхъыщхьэр аращ - хэкум къэгъэзэжынырщ. Сыт хуэдизу фIыуэ ущымыпсэуми, паспорт къезымыт къэралым я гъащIэ псор зэрыщамыхьынур ящIэ. Я нэхъ IэщIагъэлI Iэзэу ущытми, сыт хуэдэ къулыкъу лъагэ умыIыгъми, мы къэралым урицIыхуу зэи укъуилъытэнукъым.

**Хьэлау Махьди**: Сэ компьютерхэр зыщI компанием сыщолажьэ. Урысейм, Узбекистаным, Къэзахъстаным дадолажьэ. Налшык сыщеджащи, урысыбзэр фIыуэ сощIэ, аращ зи гугъу сщIы къэралхэм запыщIэнымкIэ сэ жэуап щIэсхьыр. Къапщтэмэ, хэкум кIуэжыну хуэмей зыри къытхэткъым, иджыпсту си щIалэр Налшык кIуэжауэ КъБКъУ-м медицинэм щыхуоджэ, къигъэзэну игу илъкъым.

Хьэрып Эмират Зэгуэтхэр псэупIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм я щыIэкIэ-псэукIэм тепсэлъыхьащ Урысейм и лIыкIуэ къулыкъущIапIэу Абу-Даби дэтым и лэжьакIуэ **Къанокъуэ Рустам**.

- Сэ Эмиратхэм щыпсэу адыгэхэм куэдрэ саIуощIэ, псори соцIыху, я зэхыхьэхэм щIэх-щIэхыурэ срагъэблагъэ. Паспорт-визэ IуэхукIэ сэбэп сахуохъу, - жеIэ Рустам. - Пэжыр жыпIэмэ, мыбы щыпсэу адыгэхэм пщIэшхуэ къыхуащI. ЗэрыцIыху хьэлэлыр, пэжыр, къабзэр ящIэ. Я лэжьыгъэр ягъэлъапIэ, дзыхь кърагъэз, мыхъумыщIэ зэраIэщIэмыкIым щхьэкIэ я пщIэр яIэт.

А псом къадэкIуэу «Сэтэней» зэгухьэныгъэр йогугъу адыгэхэр, черкесхэр, лъэпкъыжьу зэрыщытыр, абыхэм я щэнхабзэр зэрыбейр, я хабзэхэр зэрыдахэр Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм щыпсэухэм ирагъэщIэну. ЛIыбзу Ярэ абы и гуащIэ хилъхьэм и мызакъуэу, а Iуэхум теухуа тхылъ етх. «Дэнэ къикIа адыгэхэр, абыхэм я тхыдэр, щэнхабзэр сыт хуэдэ? Ахэр псори къызэрызугъуеиным, зэгъэуIуауэ цIыхухэм я пащхьэ зэрислъхьэным сыхэтщ. Абы папщIэ тхыдэ тхыгъэхэм сахоплъэ, хэкум щыщ тхакIуэхэм, тхыдэджхэм я IэдакъэщIэкIхэр къызогъэсэбэп», - жеIэ Ярэ.

Зэрытхэм нэмыщI, сурэти дахэу ещI Ярэ. Ахэр щылажьэ университетым и блынхэми щыплъагъунущ. Къапщтэмэ, «Сэтэней» зэгухьэныгъэм хэт бзылъхугъэ псори зыгуэрым хуэIэзэщ. Мэкъуауэ Жансэти сурэт щIыным дехьэх. Бэлагъы Эсма сабын егъажьэ, мэ гуакIуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къапихыу. Ахэр къызыхищIыкIыр пкъыгъуэ къабзэщ, химие хэлъкъыми, абы егъэлъапIэ. Цей Ланэ архитектору илъэс куэдкIэ лэжьащ, нобэ китай лъэпкъ IэзэкIэм зыхуигъэсауэ цIыхухэр егъэхъуж.

Апхуэдэ IэзэкIэр адыгэм дежкIэ хамэкъым. Пасэ зэманым удз зэмылIэужьыгъуэхэм хущхъуэ къыхахыурэ сымаджэм еIэзэу щытащ. Апхуэдэ цIыху зыбжанэ дэст жылэ къэс. Псоми ящIэ фэрэкI узым и вакцинэр адыгэ бзылъхугъэм зэрызэхилъхьар. Лъэпкъ IэзэкIэ Iэмалхэр къэзыгупсысахэм ящыщщ адыгэхэри, арагъэнщ Лани абы щIыдихьэхар. Ар илъэсиплIкIэ Китайм щеджащ. Нобэ цIыхухэм и фIагъ яригъэкIыу мэпсэу. «Унэ кIуэцIыр зэрыбгъэкъабзэм, пщIантIэр зэрызэщIэпкъуэм хуэдэу, цIыхум и Iэпкълъэпкъри, и кIуэцIри игъэкъэбзэн хуейщ», - жеIэ Ланэ. Илъэс 60 зи ныбжь бзылъхугъэр сурэт щIынми дехьэх. Абы и унэ дэпкъхэм и IэдакъэщIэкIхэр тетщ. IэфIу мэпщафIэ, лыбжьэ, шыпс, пIастэ ищIри, «Сэтэней» гупым хэт адыгэ бзылъхугъэхэр игъэхьэщIащ. «Адыгэ шхынхэр фIыуэ долъагъу, лыбжьи, шыпси, пIасти, къундысыуи, шхуи, хьэлыви дощI», - жеIэ Ланэ.

Адыгэ шхыныгъуэ IэфIхэр щапщэфI Эмиратхэм щыпсэу адыгэ унагъуэхэм. Джэтауэ зэщхьэгъусэхэу Маруанрэ Саудрэ я дежи Iэнэ ахъырзэман къыщызэтрагъэуват. «Тыншкъым уи хабзэр, уи бзэр, уи щэнхабзэр уи Хэкум упэжыжьэу пхъумэну. Умыщхьэхыу махуэ къэс уелэжьын хуейщ абы. Зы щIалэрэ зы пщащэрэ диIэщи, ахэр жэщи махуи зыхэтыр нэгъуэщI лъэпкъщ. Мис абыхэм яхэмышыпсыхьын, я адыгэгур къеуэн щхьэкIэ, Хэкум ныдошэ, и хьэуамкIэ бэуэну, ипс ефэну, и щIыгу къыщакIухьыну», - жеIэ Маруан.

Джэтауэ Маруан адыгэ Iуэхум игъэгумэщIхэм ящыщщ, ар лъэпкъ хасэхэм жану хэтщ, хэкубжэр япэу Iузыхахэм, и адэжь щIыналъэм япэу къеблэгъэжахэм ящыщщ. Адыгэбзэр дэгъуэу ещIэ, йоджэ, матхэ. И щIэныгъэмкIэ Эмиратхэм щыпсэу адыгэ ныбжьыщIэхэм ядэгуэшэну фIэфIщ, дерсхэр къызэригъэпэщауэ, жэрдэм зиIэ сабийхэри балигъхэри ирегъаджэ. Ахэр къызэгъэпэщынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуащ «Сэтэней» гупыр. ЕджакIуэхэр кърашэлIащ, щеджэну унэхэр къагъуэтащ, бэджэндыпщIэр ят.

Мис апхуэдэу, Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къагъэсэбэпу адыгэбзэр, хабзэр яхъумэным, тхыдэр ящымыгъупщэным, зэфIэмыкIуэдыным зэрахуэзэфIэкIкIэ иужь итщ Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм ис ди лъэпкъэгъухэр.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# Мы махуэхэм

**ФокIадэм и 20,**
*бэрэжьей*

◆**Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэщ**

◆**Осетие Ипщэм щагъэлъапIэ я къэралыгъуэр щагъэува махуэшхуэр**. 1990 гъэм фокIадэм и 20-м ар Куржым къызэрыгуэкIым, Осетие Ипщэм и лъэпкъ суверенитетым теухуа декларацэр къащтащ.

◆**1936 гъэм** Бахъсэн ГЭС-р лажьэу яутIыпщащ.

◆**1999 гъэм** Мэлбахъуэ Тимборэ дунейм ехыжащ.

◆**1922 гъэм** къалъхуащ совет къэрал лэжьакIуэ, политик, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Ахъмэт Мусэбий**.

◆**1922 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ХьэдэгъэлI Аскэр**.

◆**1937 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, жылагъуэ лэжьакIуэ **Шурдым Барэсбий**.

◆**1944 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ **Нэхущ Мухьэмэд**.

◆**1974 гъэм** къалъхуащ урысей уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуа **Лель Катя** (и цIэ-унэцIэ дыдэр Чуприна Екатеринэщ).

◆**1987 гъэм** къалъхуащ бэнэкIэ хуитымкIэ дуней псом щэнейрэ щытекIуа, Олимп джэгухэм я чемпион **Махуэ Билал**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 22-рэ, жэщым градус 13 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 21,**
*махуэку*

◆**Мамырыгъэм и дунейпсо махуэщ**

◆**Альцгеймер узыфэр зищIысым цIыхухэр щыгъуазэ щIыным и дунейпсо махуэщ**

◆**1933 гъэм** къалъхуащ географие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Борей Рауф**.

◆**1945 гъэм** къалъхуащ къэфакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Мысачэ Валентинэ**.

◆**1955 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Бей Iэуес**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 22-рэ, жэщым градус 15 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 22,**
*мэрем*

◆**Автомобиль къэмыгъэсэбэпыным и дунейпсо махуэщ**

◆**Пылхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

◆**Ставрополь щIыналъэм и махуэщ**

◆**1932 гъэм** къалъхуащ «СССР-м егъэджэныгъэмкIэ и лэжьакIуэ нэхъыфI» цIэр зыхуагъэфэща, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Мамхэгъ Расэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 23-рэ, жэщым градус 16 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Нэдым и щхьэр умытIатэу хьэ илъэрэ ху илъэрэ пщIэркъым.**

Гъуазджэ

# Гъунэ зимыIэ

***Кинематографием хуеджахэмрэ ар фIыуэ зылъагъухэмрэ я Iэщlагъэм епха махуэщIым ипкъ иту дыIущIащ ди хэгъэгум и Адыгэ, Урыс къэрал драмэ театрхэм я актёр, Даур Аслъэн и цIэр зезыхьэ, щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкIэ колледжым актёр гъуазджэмкIэ и къудамэм и унафэщI Астэжь Аслъэн Мухьид и къуэм.***

- Хэти иIэу къыщIэкIынщ сабийуэ игу къинэжа фильмхэр. Театрым лэжьэн щыщIэздзам, сценэр къэзгъанэу киноактёру сежьэжыну си гугъакъым.

2005 гъэм, Краснодар сыщыIэу, зэрымыщIэкIэ уэрамым сыщрохьэлIэ кино тезых гупым. Кастинг езыгъэкIуэкIыр къызбгъэдохьэри къызоупщI: «Ухуэмейуэ пIэрэ ди кином ухэтыну?». Ар сэркIэ насыпышхуэт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, «НТВ» телеканалыр зиужь ихьа «Свой человек» сериалым, дауи, хэти ящтэу аратэкъым. Сызыдэлэжьэн хуейхэм яхэтт актёр лъэрыхьхэу Краско Андрей, Стриженовэ Екатеринэ, Чубченкэ Андрей сымэ хуэдэхэр.

**- Апхуэдэ актёрхэм уадэлэжьэну уи насып къызэрихьам «гъуазджэм и нэгъуэщIыбжэхэр» къызэIуихынт, дауи...**

- Кином деж лъабжьэ схуэхъуар аращ. Иужьым, сериалыр зыщIахэм чэнджэщ къызатащ «портфолио» згъэхьэзыру интернетым къислъхьэну, нэхъыбэм сыкъацIыхун папщIэ. АтIэ, арыншэу зы ролми нэкIэ утрагъэплъэнутэкъым. Куэд дэмыкIыу, «Кармелита» сериалым срагъэблэгъащ, абы къыкIэлъыкIуэу - сыщыджэгуащ актёр цIэрыIуэ Пореченков Михаил триха «День Д» фильмым. Урысейпсо лэжьыгъэхэм ящыщу ахэращ сызыхэтар.

**- Сыт хуэдэ ролхэра уэ нэхъ къохъулIэр, жанр псоми уеплъа?**

- Апхуэдэу щIэхъум и щхьэусыгъуэр сщIэркъым, ауэ кинохэм ролу щызгъэзэщIауэ хъуар цIыху бзаджащIэхэщ. СэркIэ жанр зэхэдз щыIэкъым, шыфэлIыфэ зэхуэмыдэхэм уиувэфын хуейщ ущыактёркIэ: ар ирехъу драмэ, трагедие, комедие.

**- Театрымрэ киномрэ уэркIэ зэхуэдэ я зэхэлъыкIэкIи, я жэуаплыныгъэкIи?**

- Киноиндустриер апхуэдизу си псэм хэпщIащи, нобэ си гуащIэр зытезгъэкIуадэри, студентхэр зыхуезгъаджэри а гъуазджэращ. Сыщылажьэ драмэ театрыр къэсщтэнщи, абдеж уи пщэ къралъхьар уигукIи уи щхьэкIи «зызэщIэпкъуэу» бгъэзэщIэн хуейщ, къыплъыса ролым уимыкIыу, ухэмыукъуэу. Кинори жанр тыншу схужыIэнукъым, ауэ абы лъэкIыныгъэ къуэт уи щыуагъэхэр бгъэзэкIуэжыну, сценэм къыщумыгъэлъэгъуэфам нэгъуэщIынэкIэ уеплъыжыну. Сэ щIыпIэ куэд къызэхэскIухьащ, къалэ зэхуэмыдэхэм сыдэсащ, хамэ къэралхэм я щэнхабзэхэр зыхуэдэр сощIэ.

**- ЗэрытщIэмкIэ, урысей кином къыщынэмыщIа, ди республикэм щагъэхьэзыра фильмхэми ухэтщ...**

- Москва сыщыпсэуауэ 2010 гъэм Къэрэшей-Шэрджэсым къыщызгъэзэжым, нэIуасэ къысхуащIащ режиссурэм, тхэн-усэным, техын Iуэхухэм зыкъом щIауэ пыщIа Найманов Артур, Апсэ Аслъэн, Чэнджэщауэ Артур, Маликов Артур сымэ. Дэтхэнэми гъуазджэм лъагъуныгъэшхуэ хуаIэщ. Зы махуэ гуэрым, КъШР-м щэнхабзэмкIэ и министр Агырбэ Зураб зыхуэдгъазэу ди гукъеуэхэмкIэ дыщыдэгуашэм, дыкъигъэгугъащ ди хэгъэгум икIэщIыпIэкIэ Кинематографистхэм я союз къыщызэрагъэпэщыну. Иджы ар къызыпэнэр сытыт? Республикэм езым и кинохъумапIэ, кинотекэ жыхуаIэр зэримыIэрат. Iуэхуфl дыдэ тхуилэжьащ Агырбэм. Союзри къыдитащ, тезыххэри кIуэ пэтми нэхъыбэ хъууэрэ макIуэ.

**- Ди республикэм щагъэхьэзыра режиссёрхэм, операторхэм я гугъу пщIымэ, абыхэм яхэт фильм кIыхь тезыха е тезыхыну зызыгъэхьэзыр?**

- Яхэтщ. Илъэсрэ ныкъуэкIэ узэIэбэкIыжмэ, абазэ таурыхъхэм къатрищIыкIри, Апсэ Аслъэн утыку кърихьащ «Три брата» фильм гъэщIэгъуэныр, нэгъабэ - Найманов Артур нэгъуеибзэкIэ трихащ «Испытание аулом» фильмыр. ЖанркIэ тIури зырызми, унагъуэм илъыпхъэ зэхущытыкIэфIхэр, куэдым ядэтлъагъу щыщIэныгъэхэр лъэпкъыбзэхэмкIэ зэрытрахам къиноеплъхэр Iэджэми ирагъэгупсысащ.

**- Анэдэлъхубзэм дыхуэкIуэжынщи, адыгэ кино ди хэгъэгум сыту пIэрэ щIыщытрамыхыр? Сыщыуэми сщIэркъым, псалъэм папщIэ, режиссёр Къандур Мухьэдин и «Черкес» фильмыр щапхъэ хъарзынэ ирокъу ди бзэкIэ кино зыщIыну хуейхэм я дежкIэ.**

- Пэж дыдэщ, Къандурым дунейпсо утыкум кърихьа лэжьыгъэр къызэрымыкIуэу дахэу, утемызашэу апхуэдэщ. Ар ди щапхъэу художественнэ, тхыдэ фильмхэр Къэрэшей-Шэрджэсми щытетхыфынущ нобэ, уеблэмэ зыкIи мынэхъ Iейуэ. Ауэ абы нэгъэсауэ дыхуэкIуэн ипэ, киногъуазджэм кууүэ хэплъэф режиссёрхэр, операторхэр, сценаристхэр дгъэхьэзырыпхъэщ. Техыным зэчийрэ гукъыдэжрэ хуииIэныр зы лъэныкъуэщ, профессиональнэу ухуеджауэ ущытыныр нэгъуэщIщ.

**- Колледжым щевгъаджэхэм укъытхутепсэлъыхьыну сыхуейщ...**

- Къыхэзгъэщыну сыхуейт мы гъэм бюджет IэмалкIэ къатщтэхэр нэхъыбэ зэрытщIар. Егбгъуанэ классыр къэзыухахэр къыдогъэблагъэ ди колледжым, актёр гъуазджэмкIэ къудамэм къакIуэмэ, дадэлэжьэну, лъабжьэ яттыну дыхьэзырщ. Иджырей щIалэгъуалэм я зэчийр инщ, куэд зэрагъэзахуэ, къагуроIуэ. Тэрэзу дунэтI къудеймэ, къахэкIынущ пщэдей хэгъэгу киноиндустрием хуэлэжьэнухэр.

**- Адыгэм и тхыдэ бейм къыджиIэ сфIощI езыр: «Мэ, хьэзыру щылъым щыщ нафщти къэвгъэсэбэп, кино гуэр тефх, дакъевгъэцIыху псоми дызихэтыр». АтIэ, Аслъэн, жытIэни къызытетщIыкIыни ди куэдми, зэрыжаIэмкIэ, кинопродукт щIыным мащIэфащIэкъым мылъкуу текIуадэр...**

- Кином мылъкуу текIуэдэнур къэгъуэтыгъуей тхуэхъунутэкъым. НетIэ зи гугъу тщIаращ абы хуеджа дызэримыIэрщ Iуэхур зымыгъэкIуатэр. Хэт дгъэджэгунур? Хэт тезыхынур? Фильмыр дахэ, купщIафIэ, цIэрыIуэ зыщIыр ахъшэу халъхьэракъым, абы елэжьхэращ армыхъумэ. Мин зытIущ нэхъ трамыгъэкIуадэу мелуан бжыгъэ къыхэзыхыжаи, мелуан зыкъом «хэзыкъуэу» хэкIуэдаи тлъэгъуащ...

**- УэркIэ сыт киногъуазджэр?**

- Кинор - гъунэ зимыIэ дунейщ. Абы сыщегупсыскIэ си нэгу къыщIохьэ: Хьэршым деж бжэ къыщызгъуэтауэ, ар къыIусхмэ, аргуэру зы бжэ къэунэхуну, дэтхэнэри лъэкIыныгъэщIэу. Аращ зэрыщытри. Мы Iуэхум ущыхэткIэ пщIэн сыт щыгъуи бгъуэтынущ. Киногъуазджэр - си псэм и хущхъуэщ, си гъащIэ щыуагъэхэр сэзыгъэгъэзэкIуэжщ.

**- Тхьэм уигъэпсэу, Аслъэн! Iуэхуфl куэдым ухущIигъэхьэ!**

*Епсэлъар* **ЛЫХЬ Тимурщ.**

КъШР



# ЕфIакIуэ, «Вагъуэбэ»!

**Кавказым и щIыдэлъху лъэпкъхэм я гъуазджэр и тегъэщIапIэу, ТIуапсэ районым хыхьэ Iэгуей-Шапсыгъ къуажэм щаIэтащ «Дети-побратимы» ещанэ этнографие фестивалым ещIылIа махуэщI дахэ.**

МЫ ФЕСТИВАЛЫР 2021 гъэм щыщIэдзауэ зэхашэ Краснодар крайм и «Тенджыз ФIыцIэ Iуфэм Iус шапсыгъхэм я лъэпкъ щэнхабзэм и Купсэ» жылагъуэ IуэхущIапIэм и жэрдэмкIэ.

Фестивалым и къалэн нэхъыщхьэр кавказ лъэпкъ къэс зыми емыщхьу къыдекIуэкI щэнхабзэ щIэин къулейр, зэрихьэ хабзэхэр хъумэнымрэ зегъэужьынымрэщ.

Къыхэдгъэщынщи, шапсыгъ лъахэм зи творчествэр къыщызыгъэлъэгъуахэм ящыщщ «Кавказ», «Зори Шапсугии» къэфакIуэ гупхэр, ермэлы къафэхэр зыгъэзащIэ «Нур» ансамблыр, «Горный край» уэрэджыIакIуэ гупым хэтхэр, «Амра» пшынауэ ансамблымрэ «Феникс» уэрэджыIакIуэ студиемрэ. ШыкIэпшынауэ Щхьэгъэпсэу Рустами, пшынауэ Бахъсэн Айдэмыри ягъэхьэзыра композицэхэр дэгъуэу къадэхъуащ.

Гуапэ зэрыхъущи, мы гъэм зэхаубла творческэ зэхьэзэхуэм хэтыну и насып къихьащ икIи абдеж и кIэн къыщикIащ Хьэбэз районым цIыхубэ IэмэпсымэхэмкIэ и «Вагъуэбэ» ансамблым. НыбжьыщIэхэм я художественнэ унафэщIхэр Ашыбокъуэхэ Азэмэтрэ Iэсиятрэщ.

Ансамблым хэтхэм я IэпщIэлъапщIагъэр, зэчийуэ ябгъэдэлъыр утыкум нэгъэсауэ къыщагъэлъагъуэри, «Исполнительство на музыкальных инструментах» номинацэмкIэ «Гран-При» саугъэт лъапIэр зыIэрагъэхьащ.

Гупым дохъуэхъу апхуэдэ тыгъэ къызэрыхуагъэфэщамкIэ! ДяпэкIи щрет ди ныбжьыщIэхэм я гъуэгур захуэу, мураду яIэр зэгъэхъулIэгъуафIэу, ефIакIуэ зэпытрэ дагъэгуфIэу. ФIыгъуэу щыIэр я натIэ Тхьэм ищI!

**АБЫКЪУ Къамырзэ.**

# Динэ и ехъулIэныгъэхэр

**КъытщIэхъуэ щIэблэм ябгъэдэлъ щIэныгъэм и кууагъым, ябгъэдэлъ зэфIэкIым, гъэсэныгъэ зыхалъхьэм куэдкIэ елъытащ ди лъэпкъым и къэкIуэнури. Ар хьэкъщ.**

ЛЪЭПКЪ щэнхабзэм, гъуазджэм пыщIауэ къыдокIуэтей ди щIэблэр . Къэралым и щэнхабзэ утыкушхуэхэм адыгэ лъэпкъым къыхэкIа вагъуэщIэ цIыкIухэр къыщоунэху. Апхуэдэуи узыгъэгушхуэщ щIэныгъэ зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэ зэрыдиIэр, еджэныгъэм кууэ пыщIа куэд къазэрыхэкIыр. А псор къызэщIэзыубыдэу, ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрызыгъэхьэ щIэблэм ящыщщ Хьэщкъуей Динэ.

Хьэбэз районым хыхьэ Жьакуэ къуажэм дэт курыт еджапIэм и 11-нэ классым щIэсщ Динэ. ФIы дыдэу зэреджэм нэмыщI, Хьэбэз районым щыIэ, Сидакъ СулътIан и цIэр зезыхьэ макъамэ еджапIэм аккордеоным еуэным илъэси 7 хъуауэ зыщыхуегъасэ.

Абы хуэIэзэ зэрыхъуам гу лъатэри, Хьэмдэхъу Абчар и нэIэм щIэт, цIыхубэ IэмэпсымэхэмкIэ «Макъамэ» ансамблым хагъэхьащ. Илъэс еплIанэ хъуауи абдеж и зэфIэкIхэм щыхегъахъуэ.

А ансамблыр хэгъэгу зэхуэмыдэхэм щекIуэкI фестивалхэм, зэпеуэхэм хэтащ. Гупым зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм ящыщщ Черкесск, Псыхуабэ (Пятигорск), Налшык, Мейкъуапэ къалэхэм щекIуэкIа щэнхабзэ зэхьэзэхуэхэм япэ увыпIэр къызэрыщахьар.

Динэ щIэныгъэ и лъэныкъуэкIи ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрегъэхьэ. Пщащэр жыджэру холэжьыхь еджапIэми, районми, республикэми, уеблэмэ къэрал псоми щрагъэкIуэкI щIэныгъэ зэпеуэхэм. Хэт къудейм къыщымынэу, къахожанык I. Абы и щыхьэтщ иджы дыдэ Динэ «Мир возможностей» федеральнэ проектым бжьыпэр къызэрыщихьар.

Пщащэм и гупсысэхэр жыжьэ зэрынэсыр наIуэ тщыхъуащ абы утыкушхуэм ирихьа къэхутэныгъэ лэжьыгъэм нэIуасэ зыщыхуэтщIым. Пщащэм «Здоровое питание в школе и дома» темэмкIэ иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэмрэ абы къапэкIуэжа къэпщытэжыныгъэхэмрэ къызэрымыкIуэ лэжьыгъэу къалъытащ проектым и къызэгъэпэщакIуэхэм. Уасэшхуэ хуащIащ ди хэгъэгум икIа ныбжьыщIэ цIыкIум и лэжьыгъэм.



- «Здоровое питание в школе и дома» темэр сфIэгъэщIэгъуэнти, сфIэфI дыдэу къэхутэныгъэ проектым селэжьащ. Ар згъэхьэзырыху, щIэ куэд къэсщIащ икIи дяпэкIи нэхъ кууэ зджыну си мурадщ абы епха Iуэхугъуэхэр.

Проектым сыщыхыхьэм, увыпIэ гуэри къэсхьыну сыпэмыплъа пэтми, къысхуагъэфэщам, сыкъызэрыхагъэщам хуабжьу сригуфIащ. А текIуэныгъэм лъэкIыныгъэ къызитащ «Артек» лагерым махуэ 21-кIэ сыщыIэну, - гуфIэу къыддэгуэшащ ныбжьыщIэ зэчиифIэр.

Апхуэдэу, «Артек» зыщызыгъэпсэху Динэ щIэщыгъуэу, гъэщIэгъуэну илъагъухэмкIэ хуэмыIуэтэжу къыдалъхуахэм, и адэ-анэм къадогуашэ. АтIэ, «хы гупым» (морской отряд) хагъэхьа ныбжьыщIэм жиIэжынрэ игъэщIэгъуэнрэ и мащIэкъым. Хьэкъыр аращи, Хьэщкъуей Динэ щытекIуа «Мир возможностей» къэрал проектым щIалэгъуалэм лъэкIыныгъэ къарет заужьынымкIэ, ипэкIэ кIуэтэнымкIэ.

**АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ.**

Ди псэлъэгъухэр

# ПIАПIШУ Мурат: Мы псалъалъэр къызэрыдэкIам мыхьэнэшхуэ иIэщ

***Тырку бзэщIэныгъэ институтым (TDK) ипэкIэ къыдигъэкIауэ щыта курдыбзэ, зазаибзэ, босниибзэ псалъалъэхэм иджы адыгэбзэ псалъалъэри къахэхъуащ. Институтым къыдигъэкIа псалъалъэм теухуауэ «Жьынэпс» газетым къыдэгуэшащ Истамбыл дэт Окан университетым Тхыгъэхэр урысыбзэкIэ зэдзэкIынымкIэ и кафедрэм и унафэщI, егъэджакIуэ нэхъыжь, доктор ПIапIшу (Топчу) Мурат. Таштекин Акандэ щIэныгъэлIым къыIиха интервьюр адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ Пащты Мадинэ.***

**- Кавказым теухуа къэхутэныгъэ куэд уиIэщ, уи статьяхэмрэ зэбдзэкIа тхыгъэхэмрэ традзэ. Иджы Тырку бзэщIэныгъэ институтым «Адыгэбзэ-тыркубзэ, тыркубзэ-адыгэбзэ псалъалъэр» къыдигъэкIащ. Мыр зэрыбгъэхьэзыра хъуам укъытхутепсэлъыхьамэ арат? Зэман дапщэ тебгъэкIуэда?**

- Адыгэбзэ псалъалъэм илъэс куэд хъуауэ солэжь. 1980 гъэхэм, урысыбзэмкIэ кафедрэм сыщыщеджэм, тхылъ тыкуэн цIыкIу гуэрым урысыбзэ-адыгэбзэ псалъалъэ къыщызгъуэтауэ щытащ. Компьютерхэр ди гъащIэм иджыри къыщыхэмыхьа зэманым псалъэхэр тхылъымпIэм тестхэурэ зэхуэсхьэсырт. ИужькIэ ар компьютерым ислъхьэжащ, Iэмал зэрызгъуэткIэ хэзгъэхъуащ, икIи лексикографие (псалъалъэ) лэжьыгъэ дыдэ хъууэ хуежьащ.

2020 гъэм Евросоюзым и проектым лазыбзэмрэ адыгэбзэмкIэ дыхыхьэну мурад тщIащ, абыкIэ ди лэжьэгъущ Лаз институтымрэ Истамбыл дэт Кавказ щэнхабзэ хасэмрэ. Мы проектым ипкъ иткIэ, адыгэбзэм ехьэлIа къэхутэныгъэ куэд едгъэкIуэкIащ. Абыхэм ящыщщ псалъалъэ гъэхьэзырынри. 2021 гъэм и пэщIэдзэхэм Тырку бзэщIэныгъэ институтым адыгэбзэ псалъалъэ къыдигъэкIын хуей хъуащ. Мыр зи жэрдэмыр Лъэпкъ егъэджэныгъэмкIэ министерствэм и лэжьакIуэу щыта профессор Донмез Бурханеттинрэ Кавказ Хасэм и унафэщI гупымрэт. Ахэр хуейт псалъалъэ жыпхъэм иту тхылъ ягъэхьэзырыну.

Абы хэту, си лэжьыгъэр къэзгъэхьэзыращ. Мураду сиIар студентхэр зэреджэн дэIэпыкъуэгъу Iэмалу згъэпсыну арат. ЗэрытщIэщи, Дюзджэ, Эрджиес университетхэм Адыгэбзэмрэ щэнхабзэмкIэ кафедрэхэр щолажьэ, курыт еджапIэхэм факультативу, хасэхэм - курс щхьэхуэу адыгэбзэр щадж. Адыгэбзэм и егъэджэныгъэ лъагапIэхэр убзыхуауэ зэрыщымытым къыхэкIкIэ, тхылъым хэдгъэхьа псалъэ гуэрхэр «еджапIэ псалъалъэм» и мардэм, гъунапкъэм щыщхьэпрыкI щыIэщ. Ар зэману диIар зэрымащIэми къыхэкIа хъунщ.

Псалъалъэм лъабжьэ хуэсщIар Хэкум (Кавказым) официальнэу щызекIуэ тхыбзэрщ, литературэбзэрщ. Псалъалъэм и IыхьитIри (адыгэбзэ-тыркубзэри тыркубзэ-адыгэбзэри) адыгэбзэм и псэлъэкIитIым (къэбэрдеибзэмрэ кIахэбзэмрэ) тету щхьэхуэу зэзгъэзэхуащ. Тыркубзэ транскрипцэр хэзгъэхьакъым, мы лъагапIэм тету псалъалъэр къэзыгъэсэбэпынухэм алфавитыр ящIэн хуейуэ зэрыщытым папщIэ, къищынэмыщIауэ, абы псалъалъэр тIукIэ нэхъ Iув ищIынут.

Мыпхуэдэ псалъалъэ лIэужьыгъуэм диалектхэм я жыIэкIэхэр хагъэхьэу щыткъым, ауэ сэ мащIэу мы хабзэм себэкъуащ. «Къэбэрдеибзэ» Iыхьэм хэзгъэхьащ псыжь-инжыдж щIыпIэ псэлъэкIэхэм къыщагъэсэбэп псалъэ гуэрхэр. Псыжь-инжыдж псэлъэкIэхэр зыбжанэ мэхъу, абыхэм иропсалъэ пасэрей Къэбэрдейм (е нобэрей Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм) и щIыналъэм пэIэщIэу щыс къэбэрдейхэр, КIахэ щIыналъэм, Лабэ, Хуэдз, Инжыдж псыхъуэ щыпсэухэр. Сэ къызэрысщыхъумкIэ, мы псалъэхэр куэду гурыIуэгъуафIэ хъунущ, Тыркум ис адыгэхэм нэхъыбэу къызэрагъэсэбэпым папщIэ.

2021 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм псалъалъэм елэжьыныр сухри, тедзапIэм езгъэхьащ. Хэплъэжыным, уасэ етыным, зэгъэзэхуэным зы илъэс ихьащ. 2022 гъэм и бадзэуэгъуэм тхылъыр къыдэгъэкIыным щIэнхасэр арэзы техъуэри, 2023 гъэм и бадзэуэгъуэм традзащ.

Тырку бзэщIэныгъэ институтым езым и тхыгъэ хабзэхэр иIэжщ. Дэ, тхылъ зытххэр, абыхэм дахэIэбэну Iэмал диIэкъым. КъыжыIапхъэщ Тырку бзэщIэныгъэ институтым и стилыр псоми зэдай лексикографие хабзэм мащIэу къызэрыщхьэщыкIыр. Псалъэм папщIэ, тыркубзэ псалъэхэр хьэрфышхуэкIэ ятх. Адыгэбзэ псалъэхэр хьэрф цIыкIукIэ зэрытхар дахэ хъуакъым икIи къемызэгъщ. Абы къыхэкIыу, цIэ унейхэр, хьэрфышхуэкIэ ятх хабзэр, пхузэхэмыхыу хэгъуэщахэщ.

**- Псалъалъэр къыдэкIа нэужь «шэрджэс» псалъэр «з» хьэрфкIэ (Ierkez) тха зэрыхъуам тепсэлъыхьахэщ. Мыр Тырку бзэщIэныгъэ институтым и тхэкIэ стандартым тету къыщIэкIынщ, ара?**

- Мыри зы Iуэхугъуэ щхьэхуэщ. Тхылъыр щезгъэхьам жинтым «Ierkesle» (S хьэрфкIэ) тетхат. Зэрахъуэк1ыну яужь щихьэм, мыпхуэдэ дыдэу тхын зэрыхуейм теухуауэ тхыгъэ кIыхь дыщIызгъуащ, арщхьэкIэ къысхуадакъым. Сыту жыпIэмэ, Тырку бзэщIэныгъэ институтым езым и псалъалъэм «Ierkez» жиIэущ зэритыр.

**- Тырку бзэщIэныгъэ институтым псалъалъэр экземпляр мин хъууэ тригъэдзащ. Нэхъ иужьыIуэкIэ псалъалъэр Кавказым къыщыдэвгъэкIын мурад фиIэ е Кавказым папщIэ мыбы ещхь тхылъ вгъэхьэзырыну пIэрэ?**

- Апхуэдэ мурад щыIэкъым. ПсалъалъэмкIэ автор хьэкъыр Тырку бзэщIэныгъэ институтым IэщIэлъщ, Кавказым къыщыдэбгъэкIын папщIэ, ар зыIэрыбгъэхьэн хуейщ. Тыркубзэр зи гуэгъу адыгэбзэ псалъалъэм мылъку хэхыпIэу узэрыщыгугъын хэлъкъым.

**- Бзэм теухуа нэгъуэщI лэжьыгъэ гуэрхэри уиIэ? КъыкIэлъыкIуэну проектхэм я гугъу къытхуэпщIыфын?**

- Проектым къриубыдэу иджыри зы псалъалъэ згъэхьэзыращ. Тыркубзэ, инджылызыбзэ эквивалентхэр щIыгъуу псалъэ 5000 мэхъу. Абы къинэмыщIауэ, щыIэщ адыгэ глаголхэр щхьэкIэ зэхъуэкIа зэрыхъум теухуа тхылърэ зэпсэлъалъэрэ. Ауэ мыхэр зэкIэ къэбэрдеибзэ къудейщ, нэхъ иужьыIуэкIэ кIахэбзэми делэжьынущ.

КъищынэмыщIауэ, веб-напэкIуэцIу тIу догъэхьэзыр. Япэрейр бзэр зэгъэщIэным теухуащ, етIуанэр а удио псалъалъэхэм я сайтщ. Сайтхэр техникэ и лъэныкъуэкIэ хьэзырщ, куэд мыщIэу контент зэгъэпэщыным дыхуежьэнущ.

Адыгэбзэ зэраджын пэщIэдзэ (AI) тхылъи догъэхьэзыр. Семестр кIуам Бахчешехир университетым факультативу адыгэбзэ щезгъэджащ икIи си щхьэкIэ срихьэлIащ университет кафедрэхэм, еджапIэхэм, курсхэм мыувыIэу зи гугъу ящI гугъуехьым. Адыгэбзэр хамэбзэу зэрырагъэджын методикэр къыдэгъэкIын хуейщ. Бзэр зэрызрагъащIэм и кууагъым елъытауэ, зэреджэн тхылъхэм, текстхэр зэрыт, видео, аудио тхылъхэм, тхыгъэ зэхуэмыдэхэм дыхуэныкъуэщ. Абыхэм ящыщ гуэрхэр, проектым къриубыдэу, етIанэгъэ дунейм къытехьэнущ.

**- Иужьрей зэманым академик утыкум бзэм нэхъ зэрызыщиубгъум гу лъыдотэ, ауэ интеллектуал утыкум абы зыщиужьу пхужыIэнкъым. Мыпхуэдэ къэхутэныгъэхэм жылагъуэр дауэрэ пэджэжрэ?**

- Академик утыкуми жылагъуэми бзэм хуаIэ гулъытэр хэхъуэурэ макIуэ. Ар нэхъ лъэщ хъуным и щхьэусыгъуэ зыбжанэ къоув: технологием зэрызиужьыр, щIэныгъэм зэрыхэхъуэр, Хэкумрэ диаспорэмрэ я зэпыщIэныгъэр тынш зэрыхъуар, бзэм ирипсэлъэну хуит зэращIар. АрщхьэкIэ технологиехэм бзэ хэха зыбжанэкIэ зэрызаужьым, зы бзэкIэ фIэкIа щIэныгъэ зэрамыгъуэтым къыхэкIыу, адыгэбзэм хуэдэ бзэ «гуащIэмащIэхэр» кIуэдыжынкIэ шынагъуэ щыIэщ.

Мыпхуэдэ къэхутэныгъэхэм жылагъуэр зэрыпэджэжыр жыIэгъуейщ. Сэ къызбгъэдэт цIыхухэр мы гугъуехьхэм пэIэщIэкъыми, абыхэм жаIэм тепщIыхь хъунукъым. ЦIыху цIыкIум я гъащIэ еплъыкIэхэр зэхуэдэкъым, адыгэбзэ зэгъэщIэным социальнэ, экономикэ фейдэ пылъкъым.

Жылагъуэр зэрыпэджэжыным уежьэу ущысыныр, ущыгугъыныр, абы уи лэжьыгъэр тебухуэныр сэркIэ Iэмал пхэнжщ. СызэрегупсысымкIэ, тхылъ, псалъалъэ, нэгъуэщI материалхэр нэхъыбэу щыIэху, бзэм хуащI гулъытэми хэхъуэурэ кIуэтэнущ. Абы къищынэмыщIауэ, материалхэм цIыхур лъэIэсыфу диджитал форматым илъхьэным мыхьэнэшхуэ иIэщ.

**- Псалъалъэр бжыгъэхэр и лъабжьэу къыдэкIыну?**

- Языныкъуэ тхылъ тедзапIэхэм тхылъхэм я диджитал (бжыгъэ) версиехэри ящэ. Тырку бзэщIэныгъэ институтым апхуэдэ политикэ иIэми сщIэркъым. Я сайтым зэритлъагъуэмкIэ, иIэкъым. ЗэрыжысIащи, проектым къриубыдэу псалъалъэм и аудиоверсиер ди сайтым худогъэхьэзыр. Шэч хэмылъу, адыгэбзэ лексикэр макъкIэ требгъашэу иплъхьэным зэман текIуэдэнущ. Онлайн-псалъалъэр хьэзыр хъумэ, ар ирокъу. Си тхылъэщым илъэс бжыгъэкIэ сызэмыIуса псалъалъэ бжыгъэ хэлъщ, ар икIи Iэмалыншэу щыткъым, сыту жыпIэмэ, псори интернетым щыдогъуэт.

**- Тырку бзэщIэныгъэ институтым мыр япэу къыдигъэкI адыгэбзэ псалъалъэ?**

- Тыркум адыгэбзэ псалъалъэхэр щыIэщ, ауэ Тырку бзэщIэныгъэ институтым къыдигъэкIауэ мыр япэрейщ. Мыр 2000 гъэм ипэкIэ къытрадзауэ щытамэ, сепаратизм щхьэусыгъуэкIэ жэуапым срашэлIэнри хэлът. Тыркум ис лъэпкъхэм я бзэкIэ институтым псалъалъэхэр къыдигъэкI зэрыхъуар мыхьэнэшхуэ зиIэ зэхъуэкIыныгъэщ.

Япэрей политикэм и зэранкIэ, нобэр къыздэсым, тыркубзэм къищынэмыщIа, нэгъуэщIыбзэхэмкIэ уэрамым ущыпсэлъэныр, щIэныгъэ зэбгъэгъуэтыныр цIыху куэдым шынагъуэу къащохъу. Тырку бзэщIэныгъэ институтым мы псалъалъэр къызэрыдигъэкIам мыхьэнэшхуэ иIэщ. Къэралым ису хъуам нэрылъагъу ящещI бзэм хьэкъыу хуитыныгъэ зэриIэр.

***P.S.*** НапэкIуэцI 692-рэ хъууэ профессор ПIапIшу (Топчу) Мурат игъэхьэзыра псалъалъэм я гуащIэ халъхьащ: щIэныгъэрылажьэхэу Безрокъуэ (Донмез) Бурханеттин, Надир Илхьэн, Пащты Мадинэ, Унэрокъуэ Рае сымэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**



# Зэрагъэбагъуэ пщалъэхэмрэ есэп нагъыщэхэмрэ



**Гъэ еджэгъуэщIэм щIидзакIэщ. ЩIэныгъэм хуэпабгъэ сабийхэм я тхылъылъэхэр тхылъыщIэхэмрэ тетрадыщIэхэмрэ ирашэх. Къалэмхэр, къэрэндащхэр, хьэфэтегъэкIхэр - псори щIэрыпсщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ еджакIуэ цIыкIухэм нэгъуэщI зы насыпыщIи къахуздихьащ мыгъэрей фокIадэм. Ар и гупыж щIэщыгъуэхэмкIэ адыгэгур игъэпIейтеинкIэ емыш тхылътедзэ, зэхуэхьэсакIуэ, «Нумизмат» тхылъ тыкуэныр зыгъэлажьэ Тхьэкъуахъуэ Iэуес «адыгэмэ къакIэрихыу» къыдигъэкIа тетрадыщIэхэрщ.**

НОБЭРЕЙ къыдэкIыгъуэр лъэпкъ газетхэм я номер зэхэту зэрыщытым и фIыгъэкIэ, Тхьэкъуахъуэ Iэуес и хъыбар Адыгэ Республикэми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Тыркуми нэдгъэсыныр тфIэигъуэщ. КъБР-м хыхьэ Нартан къуажэм щыщ щIалэр Мысырым ислъам диным щыхуеджэну ягъэкIуауэ щытахэм язщ. Хэкум къызэригъэзэжу, Iэуес и гъащIэри и гуащIэри триухуауэ щытащ а зэманым ди щIыпIэхэм щыгъуэтыгъуей дыдэу щыта, диным и тегъэщIапIэхэр гунэсу къыбгурызыгъаIуэ тхылъхэр къыдигъэкIыным. Фейдэшхуэ къыхуимыхь пэтми, щIалэм зыхуейр ищIэжырти, дэтхэнэ зыми тыншу къыхуэщэхун тхылъ куэд, муслъымэн диным ухигъэгъуазэу, уеблэмэ нэгъуэщI щIыпIэ щумыгъуэтын купщIэ иIэу къыдигъэкIауэ щытащ, а Iуэхум иджыри пэрыкIакъым. Ауэрэ Тхьэкъуахъуэм зритащ адыгэ тхыдэр къызытещ хьэпшыпхэр зэхуэхьэсыжыным, лъэпкъым игъэлъапIэ махуэшхуэхэм ирихьэлIэу, дамыгъэщIэхэр къыдэгъэкIыным. Интернет хъыбарегъащIэхэм бгъэхэIу щIэщыгъуэхэр, лъэпкъым къахэжаныкIа цIыхушхуэхэм я сурэтхэр къызытещ письмоулъэхэр, маркэхэр зыгуэркIэ щыфлъагъумэ, а псори Iэуес и тэмакъкIыхьагъым кърихьэлIа «щэнхабзэ гъавэу» зэрыщытым шэч къытевмыхьэ.

Хъыбарыр щIетшэжьа щхьэусыгъуэм къэдгъэзэжынщи, Тхьэкъуахъуэ Iэуес мыгъэрей еджакIуэхэм аргуэру жэрдэмыщIэкIэ яхуэупсащ. ЩIалэм игъэхьэзыращ Адыгэ ныпымрэ Адыгэбзэмрэ я махуэхэм ятеухуа тетрадыщIэхэр. ЗэкIэ къытIэрыхьахэр лIэужьыгъуиплIу зэщхьэщокI: нэхъ Iувыр и теплъэкIэ удзыфэщ, напэу 36-рэ мэхъу, нэхъ пIащIэр - удзыфэ сырыхущ, напэ 12 мэхъу. Ипэрейм и напэхэр «линэшхуэщ», бзэр щадж предметхэм нэхъ хуэщIащ. Абы и щIыIур егъэщIэращIэ «Гъатхэпэм и 14-р Адыгэбзэм и махуэщ» псалъэхэр зи къэухь дамыгъэ гуакIуэм, щхъуэкIэплъыкIэу къэщыпа адыгэ хьэрфхэр къызытещым. Мыр адыгэбзэм е литературэм и закъуэ хухэпхыныр нэхъ къезэгъыу щытмэ, тетрадь пIащIэхэр лIэужьыгъуитI мэхъу: «линэшхуэхэм» я щIыбагъми зи гугъу тщIа адыгэ тхыпкъылъэр тетщ. Есэпым хуэщIа «тетрадь клеткэхэм», нэгъуэщIу жыпIэмэ, зи напэхэм итхъахэр зэбгъузэнатIэу щызэпрышам, иджыри лIэужьыгъуитIу загуэшыж: зыр арифметикэм, бжыным хуэщIащи, и щIыбагъым «зэрагъэбагъуэ пщалъэр», «таблица умножения» жыхуэтIэр тетщ, есэп нагъыщэхэр кIэщIэтхауэ. Адрейр геометрием хуэщIащ, и щIыбагъым «геометрие дамыгъэхэр» тетщ: хъурей, зэбгъузэнатIэ, плIимэ, щимэ. А тетрадым и гупэ жинтым и щIыIум шабзэ гъуэжьищ щызэпрышащ, адрей псомкIи къэралым къыдигъэкI тетрадхэм ещхьщ. Лейуэ гур зыIэт нэщэнэщ тетрадь Iувым и щIыбагъым тегъэуа Къагъырмэс Борис и усэхэр:

**Си бзэ дахэу адыгэбзэ,**
**Си бзэ щабэу адыгэбзэ,**
**Узигъусэщ жэщи махуи,**
**ГущIагъщIэлъу си анэм и бзэ.**

Тхьэкъуахъуэ Iэуес адыгэ щэнхабзэм пщIэуэ хуищIыр зыхуэдизыр махуэ щIагъуэ къэмынэу утыку кърихьэ тхылъхэми уи фIэщ ящI. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ еджакIуэхэм я мызакъуэу, мыгъэрей тетрадыщIэхэм дэнэ щыIэ адыгэ сабийхэри балигъхэри зэращыгуфIыкIынум шэч хэлъкъым.

**ЧЭРИМ Мариannэ.**

# «Адыгэбзэ» тхылъым и хъыбарыр

**Адыгэ фащэ зыщыгъ щIалэ нэ фIыцIэ цIыкIур зытет «Адыгэбзэ» тхылъыр псоми доцIыху. Ауэ куэдым ящIэркъым зэреджэ тхылъыр къыщыдэкIа зэманым щыгъуэ апхуэдэ теплъэ тхылъым ептыныр щIэщыгъуэ дыдэу зэрыщытар. 1984 гъэм къэхъуа Iуэхугъуэм къытхутепсэлъыхьащ сурэтыщI Зэхъуэхъу Валерэ.**






- ЯПЭЩIЫКIЭ ар тхылътелъхьэу къыхуэдгупсысат хамэ къэрал щыпсэу адыгэ сабийхэр зэреджэн тхылъым. А зэманым сэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм художественнэу тхылъхэр гъэщIэрэщIэнымкIэ и къудамэм и унафэщIу сылажьэрт (иджыпсу Зэхъуэхъу Валерэ Налшык сабий художественнэ школым и унафэщIщ). IуэхущIапIэм и япэ къатым «Хэку» («Родина») зэгухьэныгъэр хэтт. Абы пыщIэныгъэхэр яхуиIэт Иорданием, Сирием, Тыркум, нэгъуэщI хамэ къэрал зыбжанэми щыпсэу адыгэхэм. А зэгухьэныгъэмкIэ дэ зыкъытпащIэри, а къэралхэм ящыщ зым щыпсэу адыгэхэр къыдэлъэIуащ я сабийхэм адыгэбзэ зэрырагъэджын тхылъ къахудэдгъэкIыну.

Ди гуи ди пси етауэ дэ Iуэхум деувэлIащ. Пэжым ухуеймэ, тхылъым и щIыкIэ елъытауэ, къызэрыдэдгъэкI хабзэ жыпхъэми дыкъытекIащ. Къапщтэмэ, ар алыфбей жыпхъэм итщ. АтIэ алыфбейхэр плIимэу фIэкIа нэхъапэкIэ къыдэдгъэкIатэкъым - арат жыпхъэр. Иджы мы «Адыгэбзэр» зэпэплIимэ тщIат. Нэхъапэм, тхылъхэм сурэтхэмрэ тхыпхъэмрэ хуэгъэфэщауэ идгъэувэу щытамэ, иджы япэу «модульнэ сеткэ» жыхуэтIэри къэдгъэсэбэпат.

Сэ езыр Москва Полиграф институтым сыщеджащ. Хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм язгъэлъагъуну сфIэфIт дэ зэманым дыдекIуу дыпсэууэ, модуль жыхуэтIэхэмрэ технологие щIэщыгъуэмрэ дыщыгъуазэу.

Тхылъым и напэр зыщIар сэращ. Абы селэжьащ Москва къыщызэдеджа Шульженкэ Василий щIыгъуу. Пэжым ухуеймэ, Шульженкэщ сурэтым теухуауэ гупсысэ нэхъыщхьэр сигу къэзыгъэкIар. А зэманым щыгъуэ сабийхэм папщIэ къыдэкI тхылъхэм я жинтым нэхъыбэу къыщагъэлъагъуэр хъыджэбз цIыкIухэрт - школ фащэ ящыгъыу, кIэпхын хужь цIыкIухэр яIулъэ, бант хужьышхуэхэр яхэлъу. Тхылъхэм щытрагъэувэ щыIэт фокIадэм и 1-м екIуэкI махуэшхуэм гъэщIэрэщIауэ хэт зы щIалэ цIыкIурэ зы хъыджэбз цIыкIурэ я сурэти. Ауэ дэ дызэлэжьыну къытхуаIуэхуа тхылъымкIэ щеджэнур адыгэ хасэхэрт е унагъуэхэрт. ФокIадэм и 1-р абыхэм яфIэгъэщIэгъуэнтэкъым.

Псом нэхърэ нэхъ къезэгъыр адыгэ фащэкIэ хуэпа щIалэ цIыкIурт. Сэ сурэт зыбжанэ сщIащ: щIалэ цIыкIуи хъыджэбз цIыкIуи фащэ ящыгъыу, портфель ярылъу, удз гъэгъа яIыгъыу... Зи, си гум дыхьащэртэкъым теплъэхэр. А зэманым ирихьэлIэу тхылъым дытепсэлъыхьыну дызэхуэсауэ Шульженкэм жеIэ: «Валерэ! Мыпхуэдизу теплъэ пщIынум ущIегупсысыр къызгурыIуэркъым! Адыгэ теплъэ дыдэ иIэщ уи щIалэ цIыкIум - гъэтIыси и сурэтыр щIы!» Араш сщIари. Псоми къалъытащ ар тхылъым екIуну, абы дыкъытеувыIащ. Тхылъ жинтым тет сурэтым щытлъагъу плIимэ зэмыфэгъухэр ухуэныгъэм и нэщэнэщ. Хьэрфхэр джын щIэбдза нэужь, щIэныгъэм къыхыбогъахъуэ, апхуэдэурэ «щэнхабзэ» боухуэ. Апхуэдэ гупсысэхэр диIэу тщIащ теплъэр.

Зэреджэ тхылъыр 1984 гъэм къыдэкIащ, тхылъ гъэщIэрэщIэным иджыри компьютер графикэ жыхуэтIэр щацIыхуртэкъым. Абы теухуауэ Зэхъуэхъу Валерэ игу къегъэкIыж:

- Япэ дыдэу республикэм къихьа компьютерхэм ящыщ зы «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къытIэрыхьат. Ар 1980 гъэхэм я кIэухым, 90-хэм я пэщIэдзэм ирихьэлIэу къэхъуат. Мо «ашык плIимэ хуэдэм» деплъырти, дэ зытхъунщIэрт, ди щэнхабзэм, ди дуней еплъыкIэм къытемыхуэ Iэмэпсымэ гуэру къытщыхъуу. Къэдгъэсэбэпынуи дыхуейтэкъым. Абы дыхуагъэсэну Москва къикIа IэщIагъэлIхэм жаIэхэм дедэIуэни ддэртэкъым. Иджы зы IуэхущIапIи, зы уни бгъуэтынкъым компьютер щIэмыту.

Иджы компьютерымкIэ «Яндекс»-м «Адыгэбзэ» жыпIэу иптхэмэ, къытридзэ сурэтхэм япэ дыдэ итщ адыгэ фащэ зыщыгъ щIалэ нэ фIыцIэр. Уеблэмэ езы зэреджэ тхылъри PDF форматкIэ интернетым къипх мэхъу.

Тхылъ напэм тет щIалэ цIыкIур - Зэхъуэхъу Мурат - Урысейм кёкюсинкаймкIэ и чемпионщ. Налшык спорт клуб щиухуащ, спортсмен ныбжьыщIэхэм зыщагъасэу.

- Мы хъыбарыр ди унагъуэм къегъэщIылIэпащ. Тхылъыр зэхагъэуващ Гугъуэт Лолрэ си адэшхуэ Зэхъуэхъу Лиуанрэ. СощIэж, ди адэм тхылъым и теплъэр сурэту зэрищIар, щIэрыщIэу куэдрэ къыщIидзэжу. ИужькIэ, сэ си ныбжьэгъу цIыкIухэм захуэзгъэщIагъуэрт, «мы щIалэ цIыкIур сэращ» жысIэу. Иджыпстуи тхылъым и теплъэр слъагъуху, а зэманыр хуабэу сигу къокIыж, - жеIэ Мурат.

**КЪУЭЩIЫСОКЪУЭ Марьянэ**.

# Жэуап зыхьыр дэращ

**Дэ къытхуатх**

**Нобэ зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэ адыгэ лъэпкъыр дунейм щекIуэкIа хьэлэбэлыкъ къомым дыхэтами, зауэшхуэхэри ди нэгу щIэкIами, псэкIэ дыузыншэрэ IэпкълъэпкъкIэ зызыужь зэпыту дыкъызэрекIуэкIам я щыхьэтщ тхакIуэшхуэхэр, макъамэтххэр, щIэныгъэлIхэр, сурэтыщI ехьэжьахэр къызэрытхэкIар. Къинэмыщlауэ, лIыхъужьхэри ди мащIэкъым - къыдэкIуэтей щIалэгъуалэр зыдэплъеину, щапхъэ яхуэхъуну цIыху щэджащэ куэд лъэпкъ тхыдэми щыбгъуэтынущ, нобэрей ди гъащIэми хэтщ.**



СЭ сыкъапщтэмэ, си адэ-анэ Къармокъуэхэ Анатолэрэ Марьянэрэ къысхалъхьа адыгэпсэмрэ къысIуралъхьа анэдэлъхубзэмрэ адэкIи щIигъэбыдащ икIи зригъэужьащ сыкъыщалъхуа Ново-Хьэмидей жылэм дэт курыт школым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щыдэзыгъэджа цIыху хьэлэмэт, щIэблэм я унэтIакIуэ IэкIуэлъакIуэ, егъэджакIуэ Iэзэ Балъкъэр Жаннэ. Ар си гъуэгугъэлъагъуэу, и чэнджэщхэм сытету нэхъ кууэ зджауэ щытащ ди лъэпкъыр зэрыгушхуэ, зэрыин цIыху щэджащэхэм ящыщ КIыщокъуэ Алим и творчествэр. Хуабжьу сыдихьэхыу згъэзэщIауэ щытащ КIыщокъуэм и творчествэм адыгэ дунейм теухуа гупсысэхэр къызэрыхэщым ехьэлIа къэхутэныгъэ лэжьыгъэри. Нобэ, Адыгэхэм ди махуэм, сыхуейщ а проект лэжьыгъэр щызгъэзащIэм усакIуэшхуэм и творчествэм ехьэлIауэ къэзугъуеяуэ щыта щIэныгъэщIэхэмкIэ, еплъыкIэщIэхэмкIэ сывдэгуэшэну. Алим и усэ сатырхэм, прозэм щыкуэдщ бзэмрэ хабзэмрэ уезыгъэгупсысхэр.

ИпэжыпIэкIэ къапщтэмэ, «лъэпкъ» жезыгъэIэр анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ хабзэмрэщ. Ахэр сакъыу зыхъумэфхэращ, абыхэм зезыгъэужьыфхэращ, зи блэкIам пщIэ хуэзыщIу пщэдейрей махуэм хьэлэлу телажьэхэращ къэкIуэну зиIэ лъэпкъыу къалъытэр. КIыщокъуэ Алим и зы тхыгъэм мыпхуэдэу щыжеIэ: «Анэдэлъхубзэмрэ адыгэ хабзэмрэ хьэдзитIу зы нэм ис хуэдэщ, апхуэдизкIэ зэкIэрыпщIащи. НтIэ, хабзэмрэ нэмысымрэ IэщIыб тщIамэ, зыгуэрым къытпиубыду тщIакъым, мащIэ-мащIэурэ тIэщIэкIауэ аращ». Дэ фIыр къэдмыщтэфмэ, дымылъагъумэ, ди бзэм, ди хабзэм делъэпэуэжмэ - хэт зи лажьэр? Ар зы лъэныкъуэкIэ. НэгъуэщIкIэ укъеплъмэ, езыр-езырурэ щIэблэфI зыми къыщIэтаджэркъым. Псори къыщежьэр лъабжьэращи, ар быдэмэ, къуэпсыр узыншэ, куэд мэхъу. АтIэми къуэпсым зимыужьмэ, ар кIуэдмэ, лъабжьэри мыгъуу къанэркъым.

КIыщокъуэ Алим и творчествэр зэрыщыту тещIыхьауэ жыпIэ хъунущ лъэпкъым, абы и лъабжьэмрэ къуэпсхэмрэ зегъэужьыным: бзэм, хабзэм, щIэблэр гъэсэным, хамэщIыр псэупIэ зыхуэхъуа адыгэхэм, ахэр псори къызэщIикъуэжу лъапсэм къешэлIэжыным. А творчествэ псор зэрызэгъусэу къапщтэрэ ухэплъэжмэ, - и лъабжьэр а цIыху къызэрыгуэкIхэращ, тхакIуэм къыдгуригъэIуэну зи яужь итри ахэр адыгэм и къупщхьэу, и мыхьэнэ нэхъыщхьэу зэрыщытырщ. УмыгъэщIагъуэуи къанэркъым, а цIыху къызэрыгуэкIхэм я образхэмкIэ гурыIуэгъуэ дыдэу адыгэхэм я псэр тхакIуэм къызэригъэлъэгъуар - ар художественнэ бзэ екIукIэ къызэриIуэтэфар.

Лъэпкъ гъэсэныгъэм теухуа и тхыгъэхэм ящыщ зым мыпхуэдэу щыжеIэ тхакIуэм: «Анэм сабийм и къаруэ тригъэкIуадэм хуэдизкIэ абы и псэр анэм кIэропщIэ. Быным теубгъуа анэм и быныр анэм хуэгумащIэу къохъу. Ауэ «сохуапэ, согъашхэри куэдыщэщ», - жиIэу сабийм и псэм дэмыхьэ, махуэ къэс анэм и псалъэ гуапэ, и шхын хуабэ, и гулъытэ зылъэмыIэс сабийр зэ мыхъуми зэ, щыпэмыплъа дыдэм деж, анэм къегуэуэжынущ. Анэр езыр щыпэмыплъа дыдэм деж къылъэIэсынущ а удыныр». Алим жыхуиIэращ хэкIыпIэр - цIыхум къызэригъэщIрэ нэгъуэщI къыхуэгупсысакъым. Мыр зызыужьа къэралыгъуэу хъуам я хабзэ ткIийщ, нэхъ мыхьэнэшхуэ дыдэ зрат Iуэхугъуэщ. Аращ куэд зылъэгъуа, куэдым щыгъуазэ Алими щIыжиIар: - «ГъащIэр зыубзыхури, гъэхэр зыгъэнэхури Анэращ, абы и лъагъуныгъэрщ... ЦIыхубзыр къэралым и лъапсэщ, цIыхубзыр фIы хуэзэмэ, къэралри фIы хуэзащ, цIыхубзыр дэхуэхмэ, къэралри дэхуэхащ».

А Iуэхугъуэхэм КIыщокъуэм и усыгъэми я гугъу щимыщIыу къанэркъым, ауэ, итIани, узэрыт зэманым емылъытауэ, анэдэлъхубзэр IэщIыб пщIы зэрымыхъунум и щыхьэту мыпхуэдэу жеIэ усакIуэм:

**Сыт батэкъутэр уэ бгъэшами,**
**Уи бзэр къэIухукIэщ уи дунейр.**
**Бзэ симыIэжмэ, сэ ахърэтым**
**Жэнэт сисынуи сыхуэмей.**

Пэжу, зи анэдэлъхубзэр зыIурымылъ куэд яхэтщ къыдэкIуэтей щIэблэм. Апхуэдэурэ екIуэкIмэ, дауэ зэрыхъунур къэкIуэну щIэблэм я дунейр? А Iуэхур IэпэдэгъэлэлI зыщIахэр, хуэфэщэн гулъытэ и чэзум хуэзымыщIхэр хущIегъуэжынущ абы, дауи, ауэ кIасэ хъунущ. Зэманыр, зэрытщIэщи, шэ иIауэ макIуэ, къызэтеувыIи къызэплъэкIи имыщIэу.

КIыщокъуэм и псалъэхэмкIэ жысIэнщи, «Адэжь хабзэм елъэпауэр Лей зэрихьэм пэуджэнщ». Дэ тхуэдэ, дэ нэхърэ нэхъ лъэщыжу зыкъэзылъытэу щыта лъэпкъ куэд ирихьащ тхыдэм и архъуанэм. Абы щыхьэт тохъуэ тхыдэм и напэкIуэцIхэр. Иджыпсту дызытет гъуэгум дыкъытемыкIмэ, ди лъэпкъым шынагъуэ къыщхьэщыхьэнкIэ хъунущ.

ЛъэпкъыфIым и бзэмрэ и хабзэмрэ дапщэщи къызэдогъуэгурыкIуэ, сыту жыпIэмэ бзэращ лъэпкъым и хабзэр зэрызэрихьэр, ар хэIущIыIу зэрищIыр. «Уадыгэкъэ уэ?», «Адыгэм укъилъхуакъэ?» упщIэхэм е «Адыгэбзэ жиIащ», «Адыгагъэ хэлъщ» псалъэхэм къызэщIаубыдэ ди лъэпкъым хэлъ хьэл-щэнхэр, гъэсэныгъэр, дуней еплъыкIэмрэ цIыху хэтыкIэмрэ.

Адыгэ лъэпкъым и гъащIэм ди анэдэлъхубзэм щиубыд увыпIэр инщ, щигъэзащIэ къалэным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Лъэпкъыу нобэ дыкъызэтезыгъанэр а фIыгъуэр дызэриIэращ. А фIыгъуэр хъумэным лъэпкъым и цIыху дэтхэнэми ди нэIэ тедгъэтын хуейщ. Анэдэлъхубзэм и щытыкIэр, абы игъуэт пщIэмрэ нэмысымрэ зей лъэпкъым и напэу, и щIэныгъэу, и зэхэщIыкIыу зэрыщытыр къызыгурыIуэу зи дунейр зыхьа ди нэхъыжьхэм, усакIуэшхуэм зэрыжиIауэ, «Дядэм я адэхэм я тхыдэр ямыгъэкIуэду» ди деж къыщIахьэсыфар аращ. Иджы а псомкIи жэуап зыхьыр дэращ, хамэм «мыхэр лъэпкъщ» жезыгъэIэу нобэ псэу дэ адыгэхэращ.

**КЪАРМОКЪУЭ Ислъам**.
*Тэрч щIыналъэ*



# Жыгхэр хасэ

**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XIV зэIущIэшхуэм и пэ къихуэу, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм фокIадэм и 18-м къыщызэIуахащ «Зэныбжьэгъугъэм и лъэс лъагъуэр».**

ЖЫГ 17 хасащ ДАХ-м и Конгрессым хэтыну къэкIуахэм. Япэ жыгыр хасащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ. КъыкIэлъыкIуэхэр ягъэтIысащ Амман (Иордание) щылажьэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ, генерал-лейтенант Дыгъужьокъуэ Мухьэмэд, Сирием и Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ Шорэ Гъэсан, Европэм щыIэ хасэхэм я федерацэхэм я унафэщI Вэрокъуэ Зати, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Шапсыгъым, Мэздэгу, Ставрополь щIыналъэхэм щызэхэт адыгэ хасэхэм я лIыкIуэхэм.

Абдеж щекIуэкIа зэIущIэм мы Iуэхугъуэм теухуауэ къыщыпсэлъащ Сэхъурокъуэ Хьэутий, Дыгъужьокъуэ Мухьэмэд, Шорэ Гъэсан, Вэрокъуэ Зати, «Вече», «Алан» зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэм я къуэдзэхэр.

ГуфIэгъуэ зэхыхьэм цIыху куэд къекIуэлIат, хьэщIэхэм я нэгу зрагъэужьащ Бжыхьэл Замир зи унафэщI «Шэрджэс» сабий къэфакIуэ гупым.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**

# Лъэпкъ лъагъуныгъэм къыхэкIыкIа гъуазджэ телъыджэ

**Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и сурэтыщI, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, Художествэхэмкlэ Урысей академием хэт, профессор СэвкIуий Хьэмид езыри и IэдакъэщIэкIхэри цIэрыIуэ зэрыхъурэ куэд щIащ.**

СУРЭТ щIыным, графикэм, скульптурэм зэхуэдэу хуэIэзэ Хьэмид и IэдакъэщIэкIхэм философием и дуней куум ухашэри, гупсысэ куэд къыщIагъалъэ. Хьэмид и лэжьыгъэхэм дэтхэнэ адыгэми пэгъунэгъу къыщигъуэтынущ. А теплъэгъуэхэм художественнэ тхыгъэ зытумытхыхьыфын яхэткъым, апхуэдизкIэ гупсысэ куэдкIэ гъэнщIащи. Языныкъуэхэр сызэджа литературэ тхыгъэхэм щахуэсхь щыIэщ. А лэжьыгъэхэр зы хъэтI къызэрыщIэкIар наIуэщ.

Хьэмид дигъэлъагъу дунейм удимыхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым. Абы и лIыхъужьхэр къопсалъэ, уигу хэщIмэ, къыбдонэщхъей, нэхъыфIым ущагъэгугъ, узыщIагъэгупсысыж, дахагъэ куэдым псэкIэ улъагъэIэс. Ар нэсу къызыгурыIуэфынур гъуазджэм и дунейм хэсыхьахэракъым, атIэ, СэвкIуийр зыхапIыкIа дунейм щыгъуазэхэмрэ лъэпкъ тхыдэр зыщIэжхэмрэщ.

- Щытхъу псалъэм къызэрымыкIуэу сегъэукIытэ, схуэмыфащэ гуэру къысщохъури, - жеIэ Хьэмид. - Зи IэщIагъэм хэзыщIыкI сурэтыщIу зыкъызолъытэж, ауэ си IэрыкIхэм хуэдэ щымыIэу къысщыхъуркъым икIи зэи апхуэдэу къэслъытакъым. Гъуазджэм а и къудамэм махуэ къэс зеужь, йофIакIуэ, ар зи лъагапIэм зэи улъэмыIэсыфын унэтIыныгъэщ. Аракъэ насыпри! Абы къыхэкIыу, узыхуэарэзыжу утIысыжкIэ Iуэхур зэфIэкIыркъым, а гъуазджэм удэджэрэзын, зыдэбужьын хуейщ.

И IэщIагъэм теухуа и гупсысэр гъэщIэгъуэнщ сурэтыщIым.

- Творчествэм и цIыхум и гъащIэм увыпIэ гуэр щиубыду аракъым, атIэ и гъащIэр зэрыщыту творчествэм ей мэхъу. Сыт хуэдэ Iуэху сщIэми, цIыхухэм сахэтми, уэрамым сыдэтми, лэжьапIэм сыщыIэми, сэ лэжьыгъэм ехьэлIа гупсысэхэр зэи сIэщIэхуркъым. Сызэреплъымкlэ, нэгъуэщIуи



хъунукъым, творчествэм зэ къыхэча ухъуамэ, хыхьэжыгъуейщ, зэбгъэтIылъэкIам лъэIэсыжыгъуафIэкъым.

Творчествэр гупсысэ, образ нэрынэу зэрыхъа дунейщ, абы щIэдзапIи кIэухи иIэкъым. Творческэ лэжьыгъэм пэщIэдзи кIэухи иIэкъым, пыухыкIауэ зыкъым сэ сызэлэжьыр, зэуэ куэд дыдэм зызопщыт. ИджыкIи апхуэдэщ, творчествэм и зэрыхьзэрийм сфIэфIыпсу сыхэтщ. УнэтIыныгъэкIэ ахэр гъуазджэм сыт щыгъуи щыятэ Iуэхухэм теухуащ.

Си хъуэпсапIэхэм ящыщщ илъэс куэд щIауэ зи яужь сит Iуэхухэр нэзгъэсыныр. Апхуэдэщ адыгэлI щэджащэхэу Нэгумэ Шорэ, ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ сымэ я фэеплъхэр Налшык щыгъэувыныр. Псори хьэзырт, щагъэувыну щIыпIэмкIэ зэгурыIуамэ....

Хьэмид Нарт эпосым и сурэтхэр хуищIри, ар дунейм къытехьащ. Езым дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, абы Санкт-Петербург щыIэ «ВитаНова» тхылъ тедзапIэм бгырысхэм я IуэрыIуатэ тхыдэжьым и тхылъ къыдагъэкIынум и сурэтхэр яхуищIыну къелъэIуати, арэзы хъуащ, ауэ ар Адыгэ лIыхъужь IуэрыIуатэу зэрыщытыр Iэмал имыIэу къагъэлъэгъуэну яхуигъэуват. АбыкIэ зэгурыIуэри, Нарт эпосыр телъыджэу дунейм къытехьащ.

- Нарт эпосыр дунейм тет эпос нэхъ инхэм яхохьэ. Ар зейм ехьэлIауэ зэдауэ куэд щыIэщ, псоми езыхэм я фIыгъуэу къыщIагъэкIыну хуейуэ. Дэ абы ди псалъэ хэтлъхьэркъым, IуэхукIэ, лэжьыгъэкIэ дыхоувэ армыхъу. Сэ адыгэхэм я эпосым теухуауэ схужыIэнуращи, ар ящыщщ рифмэ зиIэ зырызхэм. Абы къыбжеIэ а текстым гъащIэшхуэ зэриIэр, гъуэгуанэ ин къызэрикIуар. Аращ Адыгэ нарт эпосыр тегъэщIапIэ щIэсщIыр, - жеIэ Хьэмид.

СэвкIуийм и лIыхъужьхэр зэрынэщхъейм, гупсысэ хьэлъэм хэту зэрыхэплъэм гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым, ауэ сурэтым и гупсысэм ухэзышэри, абы и щIагъыбзэр къыпхузэIузыхри аращ. УзыIэпишэу сурэтхэм яхэлъ мэгъу къарур езыр арауэ къысщохъу.

- Махуэ къэс ди нэгу щIэкI зауэхэмрэ зэрыукIымрэ лIэныгъэм, хэщIыныгъэм драгъэсэжащ, къиддзэжыркъым укIыгъэр, лейр. ЦIыхухэр зэхэщIыкIым, гущIэгъум, гулъытэм, гумащIагъэм къызэрымыкIуэу щыхуэныкъуэ лъэхъэнэм дитщ. А гущIэгъур къэзгъэлъэгъуэну, абы къыхуезджэну яужь ситщ, къаруиэ щыIэм я нэхъ иныр къыщежьэр абдежу зэрыщытыр сотх. Аращ сурэтхэм къатещ нэщхъеягъэм и къежьапIэр.

Санкт-Петербург дэт Художествэхэмкlэ академием Хьэмид илъэс зыбжанэ хъуауэ щрегъаджэ, абы жеIэ фIэфI дыдэу щIалэгъуалэм зэрадэлажьэр, абыхэм къару къызэрыхалъхьэр.

- Си студентхэм си лэжьэгъухэм хуэдэущ сазэрепсалъэр. Егъэджэныгъэ Iуэхури творческэ лэжьыгъэ инщ. Мастерскойм ущриунафэщIым деж абы щащI дэтхэнэ сурэтымкIи, диплом лэжьыгъэмкIи жэуаплыныгъэ бохь. Пэжщ, ар къызэрымыкIуэу лэжьыгъэшхуэщ. Сэ абыхэм ябгъэдэслъхьэм и фIагъымрэ и куэдагъымрэ езы студентхэращ жызыIэфынур. Абыхэм яхэтщ узыгъэгуфIэхэр, ехъулIэныгъэ ин зыIэрызыгъэхьахэр. Ди къэралым имызакъуэу, хамэ щIыпIэ къикIахэри яхэтщ абы.

Зэманым гущIэгъуншэу исеиж щэнхабзэр, гъуазджэр, бзэр, щIыуэпсыр хъумэн зэрыхуейр ди щIэблэм къагурыIуэну сыщIохъуэпс. Дунейм зыдащIу, лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэр IэщIыб зэращIыр щыслъагъукIэ, сигу хощI. Апхуэдэхэм къагурымыIуэр зыщ - дэ ди беягъэр а щхьэхуэныгъэхэращ, ди адыгэбзэ гугъурщ, ди хабзэ ткIийрщ, ди гупсысэкIэ нэмыщIырщ.

Псалъэм папщIэ, Налшык и пасэрей ухуэныгъэхэм защызгъэнщIыркъым. Сыт и уасэ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр! Апхуэдэ ухуэныгъэ екIухэр, хуабагъэ инхэр къызыпкърыкIхэр ди мащIэкъым, сыщогугъ ар къагурыIуэу ди цIыхухэм яхъумэну, - жеIэ СэвкIуийм.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

# Ди блэкIа жыжьэр

**Адыгэхэмрэ ахэр къызытехъукIыжа лъэпкъыжьхэмрэ я тхыдэр илъэс мин бжыгъэ мэхъу. Абы и щыхьэт нэхъыщхьэщ ди бзэмрэ (макъыбзэ) ди хабзэмрэ нэхъ жьы дыдэхэм, нэхъ гугъухэм зэрыхабжэр. КъищынэмыщIауэ, сыт и лъэныкъуэкIи зэпэлъыта, адыгэ хабзэ къекIум хуэдэ лъэпкъым зэригъэпэщын папщIэ, зэман кIыхькIэ яубзыхуа, ягъэфIа, яджа лъабжьэ уиIэн хуейщ.**

МЫВЭ лъэхъэнэ жыжьэм (илъэс мелуани 2,5-кIэ узэIэбэкIыжмэ) лъандэрэ Кавказым цIыху щыпсэуащ. Ар къагъэнэIуащ абыхэм щтаучымрэ базальтымрэ къыхащIыкIа Iэмэпсымэу мы щIыпIэхэм къыщыщIахыжахэм. Пасэрейхэр щакIуэт, гуп-гупу псэурт, бгъуэнщIагъхэм щIэст. Лабэ псыхъуэм къыщагъуэтыжа хьэпшыпхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ щыхьэт тохъуэ лъэхъэнэ жыжьэу цIыхум мафIэр зэщIигъанэу зыщригъэсам, ар къигъэсэбэпурэ нэхъри зэрызиужьам.

Кавказ псом дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэт 1955-1957 гъэхэм Бахъсэн аузым къыщагъуэта, мывэм къыхэщIыкIа Iэмэпсымэхэр. Ахэр щыхьэт техъуащ цIыху зыужьыныгъэм и къыкIэлъыкIуэ лъэхъэнэм - мывэ лIэщIыгъуэщIэм - Бахъсэн и Iэхэлъахэм цIыху зэрыщыпсэуам. «Сосрыкъуэ и бгъуэнщIагъ» зыфIащар нэхъ кууэ щаджам белджылы хъуащ ищхьэ мывэ лъэхъэнэм и кIэм къыщыщIэдзауэ абы мызэ-мытIэу цIыху зэрыщыпсэуар. Мыбы щэнхабзэ къатышхуэ щызэтелъхьат, кхъуэщынхэкIхэр щIыным ипэкIэ, цIыхум илъэс мини 10 - 12-м къриубыдэу къигъэщIам теухуауэ. Щтауч шабзэпэм, къупщхьэм къыхэщIыкIа сэхэм, шабзэхэм, хьэкIэкхъуэкIэхэм (щыхьым, мэзыкхъуэм, мэзбжэным) я къупщхьэхэм къагъэлъагъуэ бгъуэнщIагъым щIэсахэм щэкIуэным мыхьэнэшхуэ ирату зэрыщытар.

Апхуэдэ мывэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэщIыкIа Iэмэпсымэжьхэр къыщагъуэтащ Шэджэм Ипщэм пэгъунэгъуу, Кэнжэ псы Iуфэм, нэгъуэщIхэми.

Неолит кIасэм (ди лъэхъэнэм ипэкIэ илъэс мини 3-4-кIэ узэIэбэкIыжмэ) Кавказ Ищхъэрэм и курыкупсэм цIыху зэрыщыпсэуам и щыхьэтщ 1930 гъэхэм Налшык и Iэхэлъахэм къыщагъуэтыжауэ щыта «Iэгъуэбэч жылэр». Ар мейкъуапэ щэнхабзэм щыщу жаIэ. А пасэрей жылэжьыр зытеса Iуащхьэр щаджам абы къыщIахыжащ Iэмэпсымэ зэхуэмыдэхэр. Мыбы къыщагъуэтат мывэ джыдэ гъэджэфахэр, зэрытхъунщIэ Iэмэпсымэхэр, сэ, токъумакъ, убалъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, япэ дыдэу цIыхум ищIыну зи ужь ихьа, ятIагъуэ хьэкъущыкъу къуабэбжьабэхэр, нэгъуэщIхэри. Абдеж щысахэр щакIуэу, ерыскъыпхъэ къэкIыгъэхэр зэхуахьэсу щытауэ къыщIэкIынущ.

Домбеякъ пасэ лъэхъэнэм Кавказым щыпсэуахэм зыужьыныгъэшхуэ ягъуэтащ. Гъуаплъэ-домбеякъ лIэщIыгъуэм Кавказым щыпсэуахэм къащIащ нэгъуэщI цIыху лъэпкъхэр хы адрыщIымкIэ, къуршым и ипщэ нэкIумкIэ зэрыщыIэхэр, икIи абыхэм япыщIа хъуат. ЦIыхум и зыужьыныгъэм апхуэдэуи сэбэп хуэхъуащ гъущI куэду зыщIэлъ щIыпIэхэр езы Кавказым пасэу къыщахутэу къагъэсэбэпу зэрыщIадзар.

1897 гъэм урыс археолог Веселовский Николай Мейкъуапэ и гъунэгъуу къыщигъуэтат кхъэжь гуэр. Абы зы лIыщхьэмрэ и фызхэмрэ я хьэдэкъупщхьэхэр щIэлът. Iэмэпсымэ гъэщIэгъуэнхэри къыщагъуэтат абы. Псалъэм папщIэ, дыщэ тхьэпэхэр, тхьэгъухэр, быжхэр, гъуаплъэ шыуанхэр, нэгъуэщIхэри. А Iэмэпсымэхэр домбеякъ лъэхъэнэжьым (ди лъэхъэнэм ипэкIэ илъэси 3500-рэ) щащIат.

Мейкъуапэ къэралыгъуэ фIащащ апхуэдэ къэхутэныгъэхэр куэду къыщагъуэта щIыпIэм: Псыжь лъэгу къыщыщIэдзауэ, Тэмэн хытIыгуныкъуэм нэс. Археологхэм зэрыжаIэмкIэ, Мейкъуапэ къэралыгъуэр иджырей бгырыс къуажэхэм нэхърэ нэхъ цIыкIуу зэхэсащ. ЦIыхубзхэр щIым елэжьырт мывэм, бжьакъуэм къыхэщIыкIа фIанэхэмкIэ. ФIыуэ зиужьат кхъуэщын гъэжьэным. Пэжщ, фIы дыдэу къайхъулIэу пхужыIэнутэкъым, ауэ зэрыIэбэн, ерыскъыр зэрахъумэн кхъуэщын къызэрыгуэкI ящIырт. Нэхъ зыхуэIэкIуэлъакIуэр мывэм елэжьынырт, ауэрэ хъарзынэ дыдэу гъущIми зыхуейхэр къыхащIыкI хъуат.

А лъэхъэнэ жыжьэм (ди эрэм ипэкIэ 2500-2400 гъэхэм) адыгэр къызытехъукIыжа хьэтхэм ящыщ гупышхуэ Кавказ къуршым щхьэдэхыу, хы адрыщI къэралыгъуэшхуэ къызэрагъэпэщауэ зэрыщытам шэч къытрахьэжыркъым щIэныгъэлIхэм. Хьэтхэм я зэманым дунейпсо утыкум щаIыгъа увыпIэм, щаIа пщIэм, зэрахьа лIыгъэмрэ къарумрэ щыхьэт техъуэ гъущIынэтхымрэ фэеплъхэмрэ щIэлъщ Азиемрэ Европэмрэ я музей нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм. Европэми, Азиеми, Африкэми, КъуэкIыпIэми я тхыдэщIэри гъэнщIащ а щIыналъэхэм адыгэхэм щагъэхъа Iуэхушхуэхэмрэ щагъэлъэгъуа зэфIэкIымкIэ. ЛIыгъэм, хабзэм, щIыхьым, нэмысым, гъэсэныгъэм, Iущыгъэм, дахагъэм я щапхъэу, адыгэ лъэпкъым къыхэжаныкIа къулыкъущIэхэм, унафэщIхэм, зауэлI хахуэхэм, пщы лъэрызехьэхэм, пащтыхь гуащэ щэныфIэхэм, щIэныгъэлIхэм дропагэ нобэр къыздэсым.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

*Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур фокIадэм и 23-рщ.*

УнафэщI-редактор ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.623 • Заказыр №2037

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А